O`ZBEKISTAN RESPUBLIKASI XALIQ  BILIMLENDIRIW WA`ZIRLIGI

A`JINIYaAZ ATINDAGI NO`KIS MA`MLEKETLIK PEDAGOGIKALIQ INSTITUTI

«Pedagogika ha`m psixologiya» ta`lim bag`dari
IV-kurs  qaraqalpaq  topari talabasi Nurimova Shaxlonin`

# BAKALAVR PITKERIW JUMISI

**Tema:** Balalardi a`dep-ikramliliqqa  ta`rbiyalawda shan`araqtin` waziypalari**.**

Talaba: Nurimova Sh
Ilimiy basshi: p.i.k. M. Pazilova.

***Qorg`awg`a usinis etilsin`***
«Pedagogika ha`m psixologiya»
kafedrasi baslig`i,  ps.i.k.________________ Sh. Saparov.
«_____»_____ 2015-jil

**No’kis-2015 j.**

KIRISIW........................................................................................ 3
I BAP. **Shan`araqta ata-ana waziypasi ha`m onin` tarbiya protsessindegi tutqan orni……………………………………………………..**
1 . Shan`araqta bala ta`rbiyasinda ata-ananin` roli……………………8
2. Shan`araqta erli-zayiplilar arasindag`i a`depli qatnastin` bala ta`rbiyasindag`i orni …………………………………………………..14

**II. BAP. Balalardi a`dep-ikramliliqqa ta`rbiyalawda shan`araqta ata-ana ha`m shan`araq ag`zalarinin` waziypalari**
1.A`dep-ikramliliq ta`rbiyasi mazmuni……………………….. 19
2. Shan’araqtin’ huqiqiy statusi ha’m onin’ ma’plerinin’ nizamliq qorg’aliwi..30
3. Kishipeyllik, a`lpayimliq-a`deptin` basi, ko`rgenlilik ha`m ta`rtiplilik-a`deplilik belgisi esaplanadi……………………………………37
4. Shan`araq da`stu`rlerinde a`dep-ikramliq normalari………..46

**JUWMAQLAW.** ……………………………………………………….53
**Paydalang`an a’debiyatlar dizimi**. ………………………………….. 56

KIRISIW

Shan'araq o'zinin' tariyxiy rawajlaniwi da'wirinde uzaq ha'm quramali joldi basip o'tti. Bul joldin' o'zine ta'n o'zgesheliklerinen biri ja'miyettin o'z–ara baylanislari ha'm sotsial waziypalarinin' tu'pten o'zgergenligi.

Ja'miyettin' sotsial, ekonomikaliq du'zilisinin' o'zgeriwi shan'araqtin' qa'liplesiwine, onin' o'z–ara baylanis formalarina ta'sir ko'rsetedi. Ayriqsha, ja'miyettin' materialliq texnikaliq ha'm ruwxiyliq bag'darindag'i o'zgerislerin shan'araq xizmetinin' o'zgeriwine sebep bolmaqta. Bunday o'zgerisler shan'araq quriw, mehir–muhabbat, o'z–ara dosliq ha'm perzent ko'riwdi rejelestiriwde o'z sa'wlesin tawmaqta.

Ma'mleketimiz shan'araqlardi o'zinin' alip baratug'in siyasati orayinda alip qaraydi. Usi sebepli mu'mkinshilik ortalig'inda materialliq ha'm ruwxiyliq ja'rdem beriwge ma'jbu'r. Shan'araqliq ta'rbiya mektep, ja'ma'a'tshilik menen birligin ta'miyinlewden ma'pli[3.,21].

Shan'araqtin' en' za'ru'r o'zgesheliklerinen biri insanlar a'wladin ko'beytiriw. Balalardi sotsial turmisqa tayarlaw barasinda shan'araq ma'lim da'rejede sotsial sho'lkemler menen ja'miyet rawajlaniwina uyg'in halda xizmette bolmaqta. Shan'araqliq ta'rbiya mashqalalarin izerlew, tiykarinan eki bag'darda alip barilmaqta. Bir ta'repte shan'araqliq ta'rbiya pedagogikanin' da'stu'riy bo'legi sipatinda u'yrenilmekte. Ekinshi ta'repinen shan'araq sotsiaologiya ha'm filologiya bag'darinda ha'm izertlenmekte. Baspa so'zde dag'azalang'an maqalalarinda usi salag'a qiziqqan alimlardin' shan'araqliq ta'rbiya o'zgesheliklerine sotsial – filosofiyaliq qarasinan jandasip atirg'anliqlarin ma'lim bolmkaqta.

Keyingi jillarda respublikamiz ta'repinen qabil qiling'an bir qatar qarar ha'm jol – joriqlarda xalqimizdin' sotsial – ma'deniy rawajlaniwin ta'miyinlewshi pikirler, usinislar berilidi, bular respublikamizdin' tiykari – shan'araqlardin sotsial–ekonomikaliq ha'm ruwxiyliq jetilisiwinde za'ru'r

rol` oynaydi. Sonin’ ushin shan’araqlardin’ ha’r ta’repleme rawajlaniwi, ja’miyettin’ rawajlaniwi demek. Usi ma’niste keleshegimiz bolg’an jas a’wlad ta’rbiyasi ha’m onin’ rawajlaniwi ma’mleket a’hmiyetine iye bolg’an ma’sele esaplanadi. Ekinshi ta’repinen, ja’miyettin’ shan’araq ha’m shan’araqliq ta’rbiyalag’a bolg’an talabi ku’n sayin artip barmaqta. Ata–analardin’ balalar ta’rbiyasi ju’zesinen juwapkershiligin ku’sheytiriw, ta’rbiyalawg’a ta’n qizig’iwin asiriw, shan’araqliq ha’m sotsial ta’rbiya birligin ta’miyinlew ha’zirgi ku’nnin’ aktual ma’selelerinen biri.

Shan’araqliq ta’rbiya degende ata–analardin’ o’z turmislari, turmis ta’rizleri tiykarinda bala shasxinda du’n`yaqaras tiykarlari, siyasiy, a’dep–ikramliliq, estetikaliq ha’m basqa sotsial faktorlardi qa’liplestiriw maqsetinde sistemali, izbe–iz, ideyaliq ha’m ruwxiyliq ta’sir ko’rsetiw protsessi tu’siniledi. Biraq, bunda ja’miyetimiz rawajlaniwi mu’na’sibeti menen shan’araq, onin’ ba’rshe turmisliq basqishlari keskin o’zgerislerge ushirap atirg’anlig’i ha’m esten shig’armasliq kerek. Milletlerdin’ tariyxiy, milliy ha’m regional o’zgesheliklerin esapqa alg’an halda shan’araqlar rawajlaniwi uliwma ha’m menshilik rawajlaniwlar tiykarinda shan’araqliq ta’rbiyani maqsetke muwapiq jaqsilaw tiyis. Bul ma’mleketimizdin’ shan’araqta jas a’wladti ha’r ta’repleme kamal taptiriw protsessine qaratilg’an ilimiy ha’m a’meliy usinislarinan biri.

Ha’zirgi zaman rawajlaniwi ha’r bir shaxstan waqiyaliqti tuwri tu’siniwdi, juwmaq shig’ariwdi, a’dep–ikramliliq paklikti ha’m sezimlik–nervliq shidamliliqti, ja’miyetimiz turmisinin’ ba’rshe salalarinda bekkem ha’m aktiv boliwin talap etpekte. Ma’limki, shaxstin’ bunday sotsial, emotsinal, minez–quliq ha’m basqa sipatlarina shan’araq tiykar saladi, qa’liplestiredi ha’m kamal taptiradi.

Shan’araqliq ta’rbiyanin’ o’zine ta’nligi sonda, ol balalardi ata–analardin’ ata–analiq, qan – qarindasliq qa’siyetlerin uzatip, shaxstin’ uliwma ha’m sezimlik rawajlaniwi g’ana ta’miyinlep qalmay, ba’lki shaxstin’

bar mu’mkinshiliklerin ha’m a’dep–ikramliliq rawajlaniwin ha’m o’stiredi. Usi sebepli shan’araqliq ta’rbiya ba’rqulla barlig’i, ko’rsetpeliligi ha’m shiraylilig’i menen ajiralip turadi. Onda tiykarg’i waziypani xaliq, a’depke ta’n ila’jlardi balag’a tuwi u’yretiw, ma’sla’ha’t beriw, u’lken ta’jiriybesi g’ana emes, ba’lki shan’araqtin’ jasaw ta’rizi, ortalig’i, ata–analardin’ ka’sip–o’neri, shan’araq ag’zalarinin’ ruwxiyliq–psixologiyaliq mu’na’sibetleri oynaydi.

Shan’araq ha’m shan’araqliq ta’rbiya mashqalalari menen shug’illaniwshi alimlardin’ izertlewlerinde tiykarg’i itibar shan’araq boyinsha a’meldegi boliniwina ha’m balalar ta’rbiyasinda ata–analarinin’ aktiv da’rejesine qaratiladi. Sonin’ menen birge, ata–analardin’, balalardin’ ha’m hayallardin’ ba’ntligi ha’m olardin’ balalar ta’rbiyasina bolg’an ta’siri shan’araqtin’ materialliq mu’mkinshilikleri ha’m turar jaylarina baylanisli u’yreniledi.

Ja’miyettin’ materialliq ha’m ruwxiyliq rawajlaniwi jaslardi tu’rli sotsial waziypalardi orinlawg’a, toplang’an mu’na`sibetlerge ta’n ta’jiriybelerge, materialliq ha’m ruwxiyliq qa’diriyatlarg’a ha’r ta’repleme ha’m uzaq tayarlaw lazimlig’in talap etpekte. Shan’araqliq ta’rbiyada za’ru’r a’hmiyetke iye boliwshi ob`ektiv ha’m sub`ektiv faktorlardi biliw tiyis. Ob`ektiv faktorlarg’a shan’araqtin’ materialliq pa’rawanlig’i, da’ramatlarinin’ tu’rleri, o’zine ta’nligi ha’m da’rejesi, u’y –jay menen ta’miyinleniw da’rejesi, mektepke shekemgi mekemelerden paydalaniw, sonin’ menen birge shan’araq ag’zalarinin’ sani, qurami ha’m basqalardi kiritiw mu’mkin. Sub`ektiv faktorlarg’a shan’araqtag’i o’z–ara mu’nsibetlerinin’ o’zine ta’n o’zgeshelikleri, mag’liwmat, shan’araq ag’zalarinin’ ma’deniy–ruwxiyliq da’rejeleri, ata–analarinin’ qarim–qatnas ma’deniyatlari ha’m basqalar kiredi.

Mine usilardi na`zerde tutqan halda biz o`z ilimiy ismizde balalardi a`dep-ikramliliqqa ta`rbiyalawda shan`araqtin` waziypalarin ashíp beriwge qarattiq.

**Jumistin` maqseti:** Balalardi shan`araqta a`dep-ikramliliqqa ta`rbiyalaw jollarin, onda shan`araq ag`zalarinin` waziypalarin ashíp beriw.

**Izertlew ob`ekti:** shan`araqta balalardi a`dep-ikramliliqqa ta`rbiyalaw jollarin u`yreniw protsessi

**Izertlew predmeti:** shan`araqta balalardi a`dep-ikramliliqqa ta`rbiyalaw mazmuni.

**Jumisti orinlawda paydalanilg`an tiykarg`i usillar**.

Mashqalag`a tiyisli jumislardi u`yrenip analiz etiw, uliwmalastiriw, balalardi a`dep-ikramliliqqa ta`rbiyalawda shan`araqtin` waziypalarin u`yreniw

**Izertlewdin` ilimiy jan`aliq da`rejesi.**

Shan`araqta bala ta`rbiyasinda ata-ananin` roli ashíp berilgenligi, shan`araqta erli-zayiplilar arasindag`i a`depli qatnastin` bala ta`rbiyasindag`i orni ko`rsetilgenligi, a`dep-ikramliliq ta`rbiyasi mazmuni, ata-ana ha`m shan`araq ag`zalarinin` waziypalari, kishipeyllik, a`lpayimliq-a`deptin` basi ekenligi, ko`rgenlilik ha`m ta`rtiplilik-a`deplilik belgisi esaplanatug`inligi, shan`araq da`stu`rlerinde a`dep-ikramliq normalarinin` ko`rsetip berilgenligi.

**Izertlewdin` a`meliy a`hmiyeti**:

Jumistin` juwmaqlari shan`araqta bala ta`rbiyasinda ata-ananin` rolin ha`m waziypalarin ashíp beredi

**Izertlewdin` ilimiy gipotezasi sonnan ibarat:**

**Egerde:** shan`araqta bala ta`rbiyasinda ata-ananin` roli, shan`araqta erli-zayiplilar arasindag`i a`depli qatnastin` bala ta`rbiyasindag`i orni aniqlap ko’rsenilse;

A`dep-ikramliliq ta`rbiyasi mazmuni jaritip berilse;

Shan’araqtin’ huqiqiy statusi ha’m onin’ ma’plerinin’ nizamliq qorg’aliwi xaqqinda bilimler berip barilsa;

Kishipeyllik, a`lpayimliq-a`deptin` basi, ko`rgenlilik ha`m ta`rtiplilik-a`deplilik belgisi ekenligi ko'rsetilse;

Shan`araq da`stu`rlerinde a`dep-ikramliq normalari aship berilse, balalardi a`dep-ikramliliqqa ta`rbiyalawda shan`araqtin` waziypalari aniqlap beriledi.

**Jumistin` du`zilisi:**

Jumis- kirisiw, eki bap ha`m juwmaqlaw bo`limlerinen turadi sonimenen birge diplom jumisin orinlaw barisinda paydalanilg`an a`debiyatlardin` dizimi menen juwmaqlang`an.

***Orinlang`an jumistin` tiykarg`i na`tiyjeleri:***

Diplom jumisinda shan`araqta bala ta`rbiyasinda ata-ananin` rolin ha`m waziypalarin aship beriledi

I BAP. **Shan`araqta ata-ana waziypasi ha`m onin` tarbiya protsessindegi tutqan orni**

**1. Shan`araqta bala ta`rbiyasinda ata-ananin` roli**

Ma'limki, ha'r qanday ata–ana o'z balasina tikendi rawa ko'rmeydi, tu'rli qiyinshiliqlar, qa'wip–qa'terlerdin' aldin aliwg'a umtiladi. Ata o'z perzentlerinde maqsetke umtiliwshiliq menen ajiralip turadi. Bunday sipatlar ul–qizlig'inan qatiy na'zer insan iyellewi tiyis bolg'an sipatlar esaplanadi, olarsiz toliq insan shaxsi kamal tappaydi. Bunin' da'lilin ja'ne sonda ko'riw mu'mkin, ana qolinda atasiz u'lkeygen ul balada erkeklerge ta'n basshiliq pa'ziyletke mu'ta'jlik ku'shli boladi, ayriqsha, ol jetiklik jasina jetkende bul iqtiyaj ja'ne de ku'sheyedi.

Atag'a bolg'an muhabbat – bul birinshi na'wbette og'an bolg'an hu'rmette o'z sa'wlesin tabadi. Atanin' abroyi onin' o'zine ta'n jekeliginde ko'rinedi. «Mag'an uqsap orinla», «Men qanday islesem sen ha'm sonday isle» siyaqli qag'iydalarg'a a'mel qilinadi. Na'zerimizde ul bala minezinin' o'zine ta'nligi ha'm sonday is –ha'reketlerdi o'z sa'wlesin tabadi. Sonin' menen birge, ata ulin o'z pikirin mulayim sa'wlelendiriwge, bahisli waqiyada o'z pikirin qatiy qorg'awg'a, qiziqqanliq, o'zligin, qa`dirin jog'altpasliqqa u'yretedi. Sonin' ushin ha'm atanin' orni ul balani ku'shli shaxs sipatinda qa'liplestiriwde roli u'lken. Bul sipatlardi ata o'zinin' shaxsiy u'lgisinde – ulina, anag'a, hayalg'a, hayal–qizlarg'a bolg'an mu'na'sibetlerinde qarar tawip baradi.

Balalar ruwxiyliq du'n`yasinin' o'zine ta'n o'zgesheliklerin biri u'lkenlerdi abroyli tulg`a, u'lgi dep biliwleri, ma'sla'ha't aliwlari, taliqlawlari ha'm tiyis bolg'an waqitta ha'r qanday ja'rdemdi aliwlarina isenim payda qiladi.

Hesh qanday na'rse balalarg'a u'lgi ku'shindey ta'sir ko'rsete almaydi. U'lgi talqilaw ushin tiykarg'i derek rolin oynaydi. Shaxsiy

u'lgi ta'rbiya aliw sipatinda o'sip kelatirg'an jas a'wladtin' sanasi ha'm minezine ta'sir ko'rsetiwshi u'lken jastag'i kisilerdi is–ha'reketleri ha'm basqi xizmetleri jiyindisi. U'lkenlerdin' u'lgi sipatindag'i ta'rbiyaliq ta'siri sonin' ushin ha'm za'ru'rki, olar balalar ha'm o'smirlerdin' eliklewit ushin janli obraz. Balalar psixologiyasinin' o'zine ta'n o'zgesheliklerinen biri ko'binshe o'zi sezbegen halda o'z aldina u'lgi alsa arziytug'in, eliklewge ilayiq biran–bir jaqsi shaxs boliwin ju'da' qa'leydi.

A'tirapimizdi orap turg'an ma'lim emes na'rse ha'm qubilislar, ren'–ba'ren' a'lem menen tanisiwda bala u'lkenlerdin' ja'rdemine ta'biyg'iy iqtiyaj sezedi. Jeterli da'rejede bilim ha'm ta'jiriybe joqlig'i sebepli olar u'lkenlerdin' qarim–qatnas ha'm is –ha'reketlerine elikley baslaydi. Jaslari u'lkeyip bariwi menen u'lkenlerge eliklew ha'm o'zgerip, ma'ni payda etedi.

Shan'araqliq ta'rbiyada atanin' roli u'lken. Shan'araqta er ha'mme waqit balalardin', turmis ortag'inin' ba'rqulla tayanishi bolip kelgen. Usi sebepli shan'araqtag'i ul ba'rqulla atasina uqsawg'a umtilg'an, onin' qatti–ha'reketine eliklegen. Xalqimizdin' dana ma'sla'ha'tlarinda u'l ta'rbiyasinda atanin' roli ulig'lanip kelgen. Ata–ana u'lgisi balalar ushin ko'rgezbeli turmis sabag'i. Atanin' anag'a, ana miynetine, ja'miyetke, ja'miyet ag'zalarina bolg'an mu'na'sibeti bala qa'lbinde jaqsiliq yaki jamanliq, maqul yaki maqul emes isler haqqindag'i da'slepki tu'siniklerdi payda etedi. Maqsetsiz, ta'rbiya na'tiyjelerin esapqa almastan qiling'an ata–analar miyneti ba'ribir na'tiyjesizlik menen tamam boladi. Awizeki so'zler emes, ba'lki sanali oylap qiling'an isler bala sanasi ha'm qa`bline barip jetedi.

Bala a'dette, ko'p waqtin shan'araq ortalig'inda o'tkeredi ha'm u'lkenlerdin' qiliqlari, o'zine ta'n o'zgeshelikleri an'satliq penen qabil qiladi. Bul qiliq ha'm is –ha'reketlerin o'z xizmetlerinde qaytalaydi.

Soralg’an waqitta «A’kem sonday qiladi», «Apam sonday degen» ha’m basqa degen juwaplardi esitiw mu’mkin.

Shan’araq ortalig’i – bul qandaydir ayriqsha uzip aling’an ta’rbiya qurali emes, ba’lki ata–analarinin’ ha’m u’lken jastag’i kisilerdin’ ha’r ta’repleme alip barg’an ta’rbiyaliq jumis na’tiyjeleri, shan’araq ag’zalarinin’ o’z–ara joqari a’dep–ikramliliq mu’na’sibetlerinin’ jiyndisi ha’m u’lkenlerdin’ jaqsi ta’sir ko’rsetiw u’lgisi na’tiyjesi.

Balalarg’a ata–analardin’ is–ha’reketleri g’ana emes, ba’lki awizeki tili, soraw – juwaplari ha’m ta’sir qiladi. Ata–ana o’z–ara janjellesip tursalar, qon’silari menen shig’isa almasalar, bir–birlerinen bolar–bolmas na’rselerdi talap qilsalar, bunday ta’rbiya jaqsi na’tiyje bermeydi, kerisinshe balanin’ ata–analarg’a bolg’an isenimin jog’altadi. So’z qudratli ku’shge iye.

Shan’araqtag’i tatiwliq, o’z–ara hu’rmet, mehir–muhabbat, kelisiwshilik siyaqlilar ata–analar menen balalar ortasinda ruwxiyliq ortaliqti qarar tartiriw, olardin’ jetilisiwine jaqsi ta’sir ko’rsetedi.

O’z–ara kelisiw, atanin’ balalarg’a ha’m anag’a mehir –muhabbati joqari a’dep–ikramliliq insaniy mu’na’sibetleri u’lgisi bolip, olar bala qa’lbin dlarzag’a keltiredi, jaqsi sezimler menen toltiradi, a’tirapti orap turg’an waqiyaliqqa samimiy mu’na’sibet ta’rbiyalaydi. Shan’araqliq ta’rbiya ata–analardin’ o’z perzentlerine mehir–muhabbatda boliwlarina ha’m balalardin’ ata–analarin teren’ su’yiwlerine tiykarlang’anlig’i ushin ha’m ko’birek a’hmiyetke ha’m basqa ta’rbiyalardan pariq qiladi.

Ha’zirgi zaman pedagogikasi ata–analarg’a ha’m ba’rshe ta’rbiyashilarg’a xoshametlew yaki jazalaw formalarin tanlawda qabilq iling’an qarardin’ qanshelik tuwrilig’in logikaliq oylap ko’riw, o’zine ta’n jol ekenligine isenim payda qiliw ha’m tek a’dep–ikramliliq jazalaw lazimlig’in ma’sla’ha’t beredi.

Shan’araq ha’m shan’araqliq ta’rbiya mashqalari ishinde ata–analardin’ ta’rbiyashiliq ma’deniyatin asiriw ha’m olarg’a uliwma ta’rbiyag’a ta’n bilim

beriw da’wirimizdin’ aktual ma’selelerinen biri. shan’araqlardi pedagogika tabislari menen tanistiriw olardin’ olarditsn’ bekkemligin ta’miyinlew qurallarinan biri. ekinshi ta’repten, bul o’z na’wbetinde, balalardin’ ta’rbiyasina tiyisli forma ha’m metodikalarin qa’liplestiriw jollarinan biri. Sonin’ ushin ata–analarin, shan’araqlarda ta’rbiyag’a ta’n bilimler menen, ta’rbiya metodikalari menen qurallantiriw ju’da’ za’ru’r.

Ta’rbiyag’a ta’n bilim beriw mashqalasi tek ata–analardin’ jumisi bolip qalmastan, ba’lki ba’rshe miynetkeshlerdin’ jumisi, ken’ ma’nide ma’mleket a’hmiyetine iye jumis. Respublikamiz qararlarinda aytip o’tilgenindey, ba’rshe sho’lkemler, miynet ja’ma’a’tleri, uliwma ja’miyet a’dep–ikramliliq salamat, ruwxiy bay, bekkem shan’araqti payda etiw tuwrisinda, analar haqqindag’i, olardi turmisqa ha’m miynetke tayarlaw tuwrisindag’i juwapkershiligin asiriw za’ru’r.

Ga’p sonda, ja’miyetimizdegi ha’r bir toliq shaxs balalardin’ ta’rbiyashisi boliwi, jan’a insandi ha’r ta’repleme kamal taptiriwshi ba’rshe halatlarda, shart–sharayatlarda qatnasiwi tiyis. Ha’r bir jigit–qiz bolajaq ata–analar. Usi sebepli ja’miyetimiz olardin’ qanday shan’araq quriwlarina biypariq qarap tura almaydi. Respublikamiz balalardi jetilisken insan qilip ta’rbiyalaw waziyplaarin, shan’araqlardin’ bekkemligi ushin qoyilip atirg’an talaplar miynetkeshlerdin’ ta’rbiyaliq mag’liwmatin asiriw za’ru’rligin ko’terip shiqmaqta. Bul ma’sele ha’zirgi ku’nde ha’r qashandan ha’m za’ru’r.

Ataqli pedagoglar ta’rbiyani maqsetke muwapiq sho’lkemlestiriw sharayatlarinan biri ata–analardi ta’rbiyaliq sawatxanlig’inda, dep esaplag’an edi. Ata–analardi ta’rbiyag’a ta’n ha’m psixologik bilimler menen qurallantirmastan turip shan’araqta ta’rbiya protsessin tuwri sho’lkemlestiriw mu’mkin emes.

Demek, shan’araq turmistin’ ta’rbiyaliq ta’repinen tuwri sho’lkemlestiriw ushin oqitiwshilar, ken’ ja’ma’a’tshilik pedagogika pa’ni arqali xaliqqa ja’rdem beriw, ata–analarg’a ta’rbiyaliq bilim beriw dizimin islep shig’iwlari tiyis.

Ha’r bir shan’araq o’zinde du’n`yag’a kelgen ha’m o’sip atirg’an ha’r bir balag’a ayiriqsha itibar menen mu’na’sibette bolmag’i kerek. Ata-ananin’ o’z perzentinin’ ishki du’n`yasina kirip bariwi, minez qulqinin’ sebeplerin tu’siniwi, qizig’iwi, xarakter o’zgesheliklerin teren’ an’lawi za’ru’r. Bunin’ ushin bala mudami ata-anasinin’ baqlawinda boliwi lazim. Bala ha’reketin baqlaw-onin’ kewil du’nyasina jol esaplanadi.

Shig’is xaliqlari shan’araqlarina ta’n ta’rbiyaliq ilajlardin’ a’hmiyeti sonda, bul shan’araqlardag’i ta’rbiyaliq ilajlardin’ ha’mmesi u’zliksizligi, dawamlilig’i, sistemalilig’i menen bala an’ina tez jetedi, oni a’dep ikramli, ruwxiy du’n`yasin u’zgertedi.

Bul jag’inan ha’r bir shig’is shan’arag’i o’zine ta’n ta’rbiyaliq usil ha’m qurallar menen o’z aldina du’n`ya sipatinda ko’rinedi. Qaysi shan’araqta ata-ana ruwxiy bay, joqari a’depli, joqari adamgershilikli ha’m ma’deniyatli bolsa, sol shan’araqta ta’rbiyaliq ilajlar jaqsi na’tiyje beredi. Ja’ne bir o’zgesheligi sonda, shan’araq ag’zalarinin’ turmis ta’jiriybesi, ma’deniyatliliq da’rejesi qansha bay bolsa, ta’rbiyaliq isler da’rejesi sonsha joqari boladi.

Shig’is shan’araqlarina ta’n za’ru’rli o’zgesheliklerden biri ko’p balali boliwi esaplanadi. Kem balali shan’araqlarg’a qarag’anda ko’p balali shaqaraqlarg’a ta’rbiyaliq ilajlar jaqsi na’tiyje beredi. Bul pikir duris, sebebi ko’p balali shan’araqlar perzentleri o’z-ara g’amxorliq ha’m haq kewillik mu’na’sibet sebepli bir-birlerine ta’sir o’tkeredi, uqsaw ha’m u’lgililik usillarinan na’tiyjeli paydalaniladi.

Bizin’ uzaq jillar dawaminda jalg’iz perzentli ha’m ko’p perzentli shan’araqlardag’i ta’rbiyaliq protsesslerdi u’yreniwimiz, haqiyqatinda da ko’p balali shan’araq perzentleri ta’rbiyalang’anliq sipatlari menen ajiralip turiwin ko’rsetti.

Ko’p perzentli shan’araqlarg’a ta’n psixologiyaliq sipat sonday, bunday shan’araq balalari ortasinda ayirim waqitlari o’z-ara kelispewshilik, jag’alasiw, qiz ha’m ul, ag’a-qarindas,apa-ini aralarinda basqasha formadag’i kelispewshilikler de

boliwi ta’biyg’iy. Bunday jag’day ata-anani ja’ne de danaliq jolin tutiwg’a, sabir-taqatli boliwg’a shaqiradi.

Bul orinda biz ata-analarg’a ja’ne bir ta’rtipti ayiriqsha aytip o’tpekshimiz. Turmis ta’jiriybesinen ma’lim bolg’aninday balalar menen ana ko’birek boladi. Ana ha’m perzentler arasindag’i so’ylesiwler, ata ha’m perzentler arasindag’i qatnaslardan bir neshe ma’rtebe ko’p boladi. Bul qatnaslar mazmuni ha’r qiyliliqi jag’inan da ananin’ moyinina juwapkershilik ju’kleydi. Demek, ana perzentler arasindag’i qatnaslar protsessindegi kewilxoshliq, ha’m ja’njellerdin’ ha’mmesine guwa boladi. A’hmiyetlisi, ana bul protsesslerde ha’r bir perzentine ta’n jaqsi ha’m jaman qa’siyetlerdi, qizig’iw, qa’bilet, umtiliwlardi ja’ne de teren’ u’yreniw imkaniyatina iye boladi, olardin’ ha’r birinin’ kewline kiriwge ha’reket qiladi.

Soni ayriqsha aytip o’tiw kerek, ata-anag’a qarag’anda perzentleri menen ko’birek waqit dawaminda birge boliwi, olardin’ ha’r birine ta’n o’zinshelligin ku’n sayin teren’ bilip bara beriwi menen bir qatarda, ha’r qiyli "tosiqlarg’a" da dus keledi. Psixologiyaliq ta’limatlarg’a qvrag’anda bulardi ana erkin tu’rde sheship bara beriwi maqsetke muwapiq. Eger ana perzentleri arasinda ayirim "adibadi" ni ku’n sayin atasina jetkerip onnan ol yaki bul balasin jazalawdi talap qila berse, ata bug’an jan ta’ni menen kirisse, shan’araqtag’i psixologiyaliq ortaliq keskinlesedi.

Balalar ushin atanin’ jumistan qaytiw waqitinda quwanish penen ku’tip aliw tilegi shikaslanadi. Bul jag’day ata ha’m perzentler ortasindag’i ashiq kewillilikke ziyan tiygiziwi mu’mkin. Sonin’ ushin ana hesh qashan shag’imshiliq penen shug’illanbawi kerek.

Kerisinshe, perzentler arasindag’i mu’na’sibetler protsessinde olardin’ ha’r biri o’zligin ko’rsetedi, ata-ana buni esapqa alip olarg’a mu’na’sibette bolsa, balalarda o’zlerinin’ jaqsi-jaman ha’reketlerine kritikaliq mu’na’sibet rawajlanadi, olardin’ ishki du’n`yasi tiniq ko’rinedi. Balanin’ ha’reketine tez ha’m keskin baha beriw jaqsi na’tiyjege alip kelmeydi. Eger balanin’ o’zinin’ is-ha’reketine o’zi erkin baha berse, ju’z bergen jag’daydin’ a’hmiyetin o’zi an’lap jetse, bul jag’day so’zsiz ondag’i unamli ha’reketlerge miyillik sezimin o’siredi.

Balanin’ ka’millikke jetelewshi a’hmiyetli qurallardan btrt shan’araqtag’i u’lkenlerdin’, birinshi gezekte, ata-ananin’ ibrati esaplanadi. Biz ba’rqulla balalardi u’lkenlerden ibrat aliwg’a umtildiramiz. Haqiyqatinda da, ibrat aliwg’a umtildiriw ata-babalarimizdan qalg’an a’jayip usillardan esaplanadi.

Sonin’ ushin da ka’mil insan qa’liplesiwinin’ tiykarg’i negizi shan’araq bolip, perzentlerdin’ keleshektegi boxit-saodatina shan’araqta tiykar salinadi.

Bul boyinsha biyik allama Yusuf Xos Xajibtin’ to’mendegi pikirleri bu’ginimiz ushin da ju’da’ a’hmiyetli. Onin’ pikirinshe, shan’araqtag’i rasgo’ylik, kishipeyillik, go’zzal minez-quliq jas a’wladtin’ baxtiyar keleshegine bekkem tiykar bolip xizmet etedi. Bul pikirlerge analiz jasaw artiqsha dep oylaymiz. Sebebi, shan’araqtin’ ko’rki de, tatiwlig’i da er-qatinnin’ ata-analiqsheberligine, ashiq kewli, qiynag’an mehr muxabbatina baylanisli.

Belgili allama Ibn Sinonin’ aytiwinsha, haqiyqiy perzent ta’rbiyalaw ushin ana to’mendegi sipatlardi o’zinde ja’mlew za’ru’r,

## 2. Shan`araqta erli-zayiplilar arasindag`i a`depli qatnastin` bala ta`rbiyasindag`i orni .

Balalar ruwxiyliq du’n`yasinin’ o’zine ta’n o’zgesheliklerinin’ biri u’lkenlerdi abiroyli tulg’a, u’lgi dep biliwleri, ma’sla’ha’t aliwlari, talqilawlari tiyis bolg’an waqitta ha’r qanday ja’rdemsdi aliwlarina isenimdi payda qiladi.

Hesh qanday na’rse balalarg’a u’lgi, o’rnek ku’shindey  ta’sir qila almaydi. U’lgi taliqlaw ushin tiykarg’i derek rolin oynaydi. Jeke ta’rbiya aliw sipatinda o’sip kiyatirg’an jas a’wladtin’ sanasi ha’m minezine ta’sir ko’rsetiwshi u’lken jastag’i kisilerdin’ is-ha’reketleri ha’m basqa da xizmetlerinin’ jiyindisi. U’lkenlerdin’ u’lgi sipatinda ta’rbiyaliq ta’siri sonliqtanda  za’ru’rli, olar balalar ha’m o’spirimlerdin’ eliklewi ushin janli obraz. Balar psixologiyasinin’ o’zine ta’n o’zgesheliklerinin’ biri ko’binese o’zi sezbegen halda o’z aldina u’lgi alsa arziytug’in eliklewge ilayiq birde-bir jaqsi insan boliwdi ju’da’ qa’leydi.

A’tirapimizda qorshap turg’an ma’lim emes na’rse ha’m qubilislar ra’n’ba’-ren’ a’lem menen tanisiwda bala u’lkenlerdin’ ja’rdemine ta’biyiy za’ru’rlik sezedi. Jeterli da’rejede bilim ha’m ta’jiriybe joqlig’i sebepli olar u’lkenlerdin’ qarim-qatnas ha’m qatti ha’reketlerine elikley baslaydi. Jaslari u’lkeyip bariwi menen u’lkenlerge eliklew ha’m o’zgerip ma’ni payda etedi.

Shan’araqliq ta’rbiyada atanin’ roli u’lken. Shan’araqta er ha’mme waqit balalardin’ turmis ortag’inin’ ba’rqulla tayanishi bolip kelgen. Usi sebepli shan’araqtag’i ul ba’rha’ma atasina uqsawg’a umtilg’an. Onin’ is-ha’reketine eliklegen. Xalqimizdin’ dana ma’sla’ha’tlerinde ul bala ta’rbiyasinda atanin’ roli ullilanip kelgen. Ata-ana u’lgisi balalar ushin ko’rgizbeli turmis sabag’i. Atanin’ anag’a, ana miyneti ne, ja’miyetke, ja’miyet ag’zalarina bolg’an mu’na’sibeti bala qa’lbinde jaqsiliq yaki jamanliq maqul yaki maqul emes isler haqqindag’i da’slepki tu’siniklerdi payda etedi. Maqsetsiz ta’rbiya na’tiyjelerin esapqa almastan qiling’an ata-analar miyneti ba’ribir na’tiyjesizlik penen tamamlanadi. Awizeki so’zler menen emes, ba’lki sanali oylap qiling’an isler bala sanasi ha’m qa’lbine barip jetedi.

Bala a’lbette ko’pshilik waqtin shan’araq ortalig’inda o’tkeredi ha’m u’lkenlerdin’ qiliqlari, o’zine ta’n o’zgesheliklerin an’satliq penen qabil qiladi. Bul qiliq ha’m is-ha’reketlerin o’z xizmetlerinde qaytalaydi. Soralg’an waqitta «a’kem sonday qiladi», «apam sonday degen» ha’m basqa degen juwaplardi esitiw mu’mkin. Shan’araq ortalig’i bul qandayda bir ayriqsha u’zip aling’an ta’rbiya qurali emes, al ata-analar ha’m u’lken jastag’i kisilerdin’ ha’r ta’repleme alip barg’an ta’rbiyaliq jumis na’tiyjeleri, shan’araq ag’zalarinin’ joqari a’dep-ikramliliq mu’na’sibetlerinin’ jiyindisi ha’m u’lkenlerdin’ jaqsi ta’sir ko’rsetiw u’lgisi na’tiyjesi.

Balalarg’a ata-analardin’ is-ha’reketleri g’ana emes, al awizeki tili, soraw-juwaplari da ta’sir qiladi. Ata-ana o’z ara ja’njellesip tursa, qon’silar menen shig’isa almasa da bir-birlerinen bolar-bolmas na’rselerdi talap qilsa bunday ta’rbiya jaqsi na’tiyje bermeydi. Kerisinshe, balalardin’ ata-anag’a bolg’an

isenimin jog'altadi. So'z qu'diretli ku'shke iye. «Jumsaq mehribanliq penen so'z sonday qu'diretli ku'sh onin' menen hesh qanday jaza ten'lese almaydi» delingen

Shan'araqtag'i tatiwliq o'z-ara hu'rmet, mehr muhabbat, kelisiwshilik siyalilar ata-analar menen balalar ortasinda ruwxiyliq ortaliqti qarar taptiriw, olardin' jetilisiwine jaqsi ta'sir ko'rsetedi.

O'z-ara kelisiw atanin' balalarg'a ha'm anag'a mehr-muhabbati joqari a'dep-ikramliliq, insaniy mu'na'sibetleri u'lgisi bolip, olar bala qa'lbin jaqsi sezimler menen toltiradi. A'tirapta orap turg'an ortaliqqa itibarliliq penen qarawg'a u'yretedi. Shan'araqliliq ta'rbiya ata-analardin' o'z perzentlerine mehr-muhabbatta boliwlarina ha'm balalardin' ata-analarin teren' su'yiwlerine tiykarlanlig'i ushin ha'm ko'birek a'hmiyetke ha'm basqa ta'rbiyalardan pariq qiladi.

Ha'zirgi zaman pedagogikasi ata-analarg'a ha'm ba'rshe ta'rbiyashilarg'a xoshametlew yaki jazalaw formalarin tan'lawda qabil qiling'an qarardin' qanshelli tuwrilig'in logikaliq oylap ko'riw, o'zine ta'n jol ekenligine isenim payda qiliw ha'm tek a'dep ikramliliq jazalaw lazimlig'in ma'sla'ha't beredi.

Abroy qazaniw ju'da' quramali ma'sele, bunin' ushin en' birinshi na'wbette tuwriliq, hadalliq boliwi tiyis. Bala u'lkenlerdin' so'zleri, is-ha'reketleri, yag'niy berip atirg'an wa'de, ju'rekten qilip atirg'an qarim-qatnaslari yaki doslarinan qatiy na'zer olarg'a isenimi tiyis. Ata-analarg'a tu'rli qiyli wa'deler beriwde ju'da' ha'm iqtiyaj boliw usinis etiledi. Berilgen wa'de orinlanmay qalsa, oni tuwri ha'm da'liller menen tiykarlaw tiyis. Eger balag'a u'y jumislarin orinlag'ani, jaqsi a'detlerin ko'rsetkeni, ata-analardin' tapsirmalarin o'z waqtinda orinlag'anlig'i ha'm basqalar ushin dem aliw ku'ni kino yaki teatrg'a alip bariwda wa'de berilgen bolsa, har qanday qiyinshiliqlarg'a qaramastan wa'denin' u'stinen shig'iwi tiyis.

Keyingi jillarda, mektep adminiyatratsiyasi, oqitiwshilar, ta'rbiyashilar shan'araqliq ta'rbiyag'a, ata-analardin' ta'rbiya haqqindag'i abroylarinin' asiwina, hu'rmetke sazawar ata-analardin' turmisliq jollari, shan'araqliq ta'rbiyadag'i ta'jiriybelerin ken' jayip, usi tiykarda balalarda shan'araq kadri ha'm matnishin joqari ko'teriw qa'siyetlerin oyatiwda ba'rshe mu'mkinshiliklerinen o'nimli

paydalanmaqtalar. Shan'araqliq jaqsi  da'stu'rlerdi orinlaw protsessinde u'lken jastag'i kisilerdin' u'lgisi jaslardi oylawg'a, pikirlewge, sotsial turmisin tu'siniwge ma'jbu'r etedi. Da'stu'rler ruwxiyliq faktorlar sipatinda balag'a turmisinin' ol yaki bul tarawinda qanday tutas ila'j qollaw, o'zinin' yaki basqalardin' minez mashqalasin bahalawg'a ja'rdem beredi. U'lken a'wlad wa'killerinin' shan'araqta boliwlari tek balalar  jetilisiwine g'amxorliq menen sheklenmey, ba'lki olardin' ta'rbiyasina ha'm ta'sir etedi. Bunday ja'rdem faktorlari ishinde ata-analar ha'm u'lken jastag'i kisilerdin' shan'araq bekkemligi ha'm qarim-qarindasliq sezimlerinin' tig'iz birligi tiykarg'i rol` oynaydi. Na'tiyjede shan'araqliq ta'rbiyada balalarda qa'liplestiriw tiyis bolg'an uliwma jaqsi kamalat, xarakter, qatiyatliq, izbe-izlik siyaqli jaqsi sipatlar tek  ata-analar ta'repinen emes, ba'lki u'lken a'wlad wa'killeri, qarindas-uriqlari ta'repinen ha'm  qadag'alanadi. Baqlawlar sonni ko'rsetedi, shan'araqtin' u'lken a'wlad wa'killeri menen  birge yaki ayriqsha, ajiratilg'an halda jasawina qarap ta'rbiyaliq ta'sir da'rejeleri ha'm bir-birinen pariqlanadi. U'lken a'wlad wakilleri qatnasiwindag'i shan'araqlarda balalarg'a ko'rsetiletuqin ta'rbiyaliq ta'sir ketpe-ket, bir pu'tinlikde sho'lkemlesedi. O'z-ara mu'na'sebetler ha'm shan'araqtag'i ag'zalar ushin uliwma bir pu'tinlik tiykarinda boladi.

U'lken a'wlat wa'killeri qatnasiwindag'i shan'araqlarda balalarg'a ko'rsetiletug'in ta'rbiyaliq ta'sir izbe-iz bir pu'tinlikte sho'lkemlestiriledi. O'z-ara mu'na'sibetler ha'm shan'araqtag'i ag'zalar ushin uliwma bir pu'tinlik tiykarinda boladi. U'lken jastag'i kisilerdin' ta'jiriybesi ta'rbiya faktori rolin oynaydi. Olardin' ata-anasi, baba ha'm mamasi, jaqin ha'm uzaq ag'ayinlerinin' u'lgisi balalar ushin ta'rbiya qurali xizmetin o'teydi.

U'lken a'wlad wa'killeri bolmag'an, ajralg'an yaki ayriqsha jasawshi shan'araqlarda balalarg'a ko'rsetiletug'in ta'rbiyaliq ta'sir jollari pariqlanadi. Birinshiden, ata yaki anasi joqlig'i, ekinshiden, baba ha'm mamasi joqlig'i balalardin' ruwxiy jetilisiwine a'lbette, ol yaki bul da'rejede jaman ta'sir ko'rsetedi.

Bul ma’sele ha’zirgi ku’nde za’ru’r a’hmiyetke iye bolmaqta. Ata-analardin’ ba’rshe miynet xizmetleri balalari ko’z aldinda payda boladi. Usi sebepli olar balalari ta’rbiyasina haqiyqiy hadal miynetleri arqali ta’sir ko’rsetedi. Olardi qala shan’araqlari ta’rbiyasinan tuwridan tuwri ajiratip turatug’in u’stinlikleri ha’m mine sonda. Qala shan’araqlari ta’rbiyasinda bul ma’sele ko’birek ata-analardin’, u’lken jastag’i kisilerdin’ sa’wbeti ha’m gu’rrin’leri, sayaxat ha’m oqig’an ktiaplari tiykarinda a’melge asiriladi. Tuwri, ata-analar o’zlerinin’ zavod ha’m favrikadag’i janli miynetleri haqqinda, qolg’a kiritken tabislari haqqinda qiziqli gu’rrin’ qilip beriwleri mu’mkin. Ayriqsha, ata-analardin’ balalarin o’zleri islep turg’an ja’ma’a’tleri turmisi menen tanistiriw maqsetinde zavod, favrikalarg’a uyimlastirg’an ekskursiyalari balalari qa’lbinde bir o’mir este saqlanip qaladi. Bunday jaqsi isbilermenlik, jumis formalarinin’ ken’eyip, en’ jayiwi ata-analar ha’m balalar miynetinin’ birgelesiwine alip keledi.

Balani tek ol menen so’yleskende, na’siyxat qilg’anda yaki bir na’rse buyirg’anda g’ana ta’rbiyalayman, dep oylayman. Siz Balani turmisimizdin’ ha’r bir waqtinda, ha’tteki o’zin’iz u’yde joqlig’in’izda ha’m ta’rbiyalaysiz. Sizin’ qanday kiyiniwin’iz, basqalar menen ha’m basqalar haqqinda qanday so’ylesiwin’iz, quwaniwin’iz yaki ta’shwishleniwin’iz, dos ha’m dushpannin’ menen qanday qarim-qatnas qiliwin’iz, ku’liwin’iz, gazeta oqiwin’iz bular ha’mmesi bala ushin u’lken a’hmiyetke iye. So’zin’izdin’ dawisi sa’l o’zgerse ha’m, bala buni tez payqap aladi yaki sezedi, bala pikirin’izdegi ha’mme o’zgerislerin ha’r qiyli jollari menen bilip aladi, biraq o’zin’iz bunnan xabarsiz bolasiz. Eger siz u’yde qopalliq yaki maqtanshaqliq qilsan’iz yaki ishsen’iz , onnan ha’m jamani anani xaqaratlaw-siz balalarin’izg’a u’lken ziyan jetkergen bolasiz, olarg’a jaman ta’rbiya bergen bolasiz ha’m sizin’ bul qolaysiz qiliqlarin’iz na’tiyjesi ju’da’ jaman boladi.

Joqari aytip o’tilgendey, turmista ko’plep u’lgili ha’m abroyli ata-analarimiz ko’p. Eger ata-ana hadal miynet penen shug’illansa, bala olardi hu’rmet qiliwg’a ma’jbu’r. Ba’zen, jumista ju’da’ jaqsi qa’nige bolg’an ata-analar balalarina u’lgi bola almaydi.

## II. BAP. Balalardi a`dep-ikramliliqqa ta`rbiyalawda shan`araqta ata-ana ha`m shan`araq ag`zalarinin` waziypalari

### 1.A`dep-ikramliliq ta`rbiyasi mazmuni

A’dep-ikramlilik ta’rbiya ta’rbiyalik jumislar kompleksinde jetekshi orin tutadi. a’dep yaki tartip degende - adamlardin usi ja’miyette katnaslar sistemasi menen tariyxiy baylanisli bolgan minez kuliklardi belgilep beretugin nizam - kag’iydalar tusiniledi.

A’dep - ikramlilik minez-kulik sozleri arabsha bolip, olar ozbek, karakalpak tilinde de o’z ma’nisinde kollaniladi. Ayirim a’debiyatlarda a’dep-ikramlilik adamlardin xa’r bir ja’miyetke ta’n minez-kulik normalari jiynagi delinse, baskalarinda bolsa, a’dep - ikramlilik ja’miyetlik sana tartip – kag’iyda bolip, bul tartip - kagiyda ja’miyetlik turmistin xa’mme taraularinda adamlardin xa’reketin tartipke saliu funktsiyasin orinlaydi delinedi. Shig’is alimlari a’dep-ikramliliqti ekige ajiratip ta’riyipleydi. Sonliqtan ataqli pedagog ha’m shayir A.Avloniy adamlardi a’dep-ikramliliq jaqtan eki toparg’a bo’ledi ha’m ha’r bir toparg’a tiyisli bolg’an sipatlardi ta’riypleydi. Onin’ ko’rsetiwinshe «jaqsi minezli ha’m jaman minezli» boladi. «A’dep-ikramliliq ilimi –adamlardin’ minez-qulqin ekige bo’liw bolip tabiladi. Eger na’psi payda bolip jaqsi minez-quliq. Eger ta’rtipsizo’sip, jaman isler qilatug’in bolip ketse, jamanliqqa say bolip jaman minez-quliq» dep ataladi. Demek a’dep-ikramliliq ta’rbiyada jaqsi minez-quliqti qa’liplestiriw ushin gu’res alip bariladi.

Xalik bilimlendiriu tarauinda okitiu okiushilardi` a’dep - ikramlilikti terenlestiriu menen birge alip bariladi. Olarda sana menen minez birligi ta’rbiyalanadi. Jeke adamnin ja’miyet xa’m Uatanga, miynetke, adamzlarga, oz minez - kulkina katnasin tomendegishe tekseriu mu’mkin

Miynetke a’dep ikramliliq qatnasti ta’rbiyalau -jeke adamnin pu’tkil ruxiy bagdarin belgileydi,sebebi islemey gurespey jasau mu’mkin emes. Miynet jasau negizi.

Bul a’dep ikramlilik muna’sebet jeke adamnin miynet protsessinde payda bolatugin jokari sanasinda miynettin turmistagi rolin anlauda jeke ha’m ja’ma’a’t miynetine hurmet qiliu ha’m miynet suygishlikde sa’ulelenedi.

Mektep okiushilari tomendegi tartip normalarina konigiu kerek`

1. Kabil kilingan tartip kagiydalarga okiuda, mektepte, bos uakitlarda keuil boliuge muta’jlik seziu~

2. Ozin - ozi tekseriu xa’m oz minez - kulkin baskariu

3. Ja’ma’a’tke tartip buzgan balalarga karsi belsene guresiu.

Tartip tiykarinda sona jatadi, oni kabil etiu baskaradi. Sanali tartipti ta’minleytugin kattilik garezsizlik , ozin tut biliu, sholkemles-tiriushilik ka’biletlilik sipatilari bolip tabiladi. Sanali tartip xujdan xa’m duris sozlik penen baylanisli.

Mektepke balalardi a’dep - ikramlilik ta’rbiyaga ta’rbiyalau sabak protsessinde, klasstan xa’m mektepten tis turli jumislarda alip bariladi. Okiushilarga bilim (koz aldina keltiriu - sezim, obrazli bilimler, xabar - auiz-eki maglumat, tusinik uliumalaskpn bilim) tukimlilik xa’m konlikpeler berildi.

Mektepte a’dep - ikramlilik ta’rbiya beriude xa’r kiyli usillar kollaniladi. Tomende usi usillardan keltiremiz`

1. a’dep - ikramlilik ta’rbiyasi okiu protsessi menen kosip alip bariladi. Ulli nemis pedagogi A.V.Distervogtin aytkaninday, jaksi okita bilgen okitiushi jaksi ta’rbiyalaydi

2. a’dep - ikramlilik protsessinin tabisi okiushilar xa’m mugallimler ja’ma’a’tinin ukibina baylanisli. Bunin ushin ja’ma’a’t auizbirshilikli xa’m tatiu, balalar ta’rbiyali boliui kerek

3. Ta’rbiyalik islerdin jobali boliui xa’m birlikli turde a’melge asiriliui a’dep - ikramlilik tabisin ta’miynleydi. A.S.Makarenkonin on jokargi bilimli, ozinshe isleytugin mugallimnen, bilim da’rejesi pa’s (orta maglumat) bir jag’adan bas shig’aratugin bes mug’allim abzal» - degen umitpau kerek.

4. Mektepke uniamli a'motsional sharayat jaratiu a'dep ta'rbiya protsessine paydali ta'sir etedi. Ma'selen, Respublika Garezsizligi kuni, Nauriz bayrami kunleri

5. Ba'rine  okiushilardin mekteptegi uliuma xa'm bir ta'rtip kagiydalarina suyeniu

6. a'dep - ikramlilik ta'rbiyada balalardi sanali,  tusiniklerdi  sa'ulelendriude, tusindiriu, uktiriu, sa'ubet, ba'seki, lektsiya, keuil aliu, jazalau usillarin paydalaniu

7. Miynet aldingilari, ilim pa'n  xizmetkerleri, miynet xa'm uris veteranlari, kop balalai analar, imanli garrilar, xajilar menen  ushirasiular sholkemlestirip bariu za'rur.

Ulli adamlar Al-Farabiy, Al-Beruniy siyaqli ulli babalar ilim dun`yasinin' jariq juldizlari bolip, aqil, a'dep-ikram ha'm ilimde pu'tkil dun`ya ta'n alg'an insanlar bolip qaldi. Olardin' pedagogikaliq ha'm ilimiy xizmetleri ruwxiy dun`yamizdi bayitiwda biybaha miyraslar bolip esaplanadi. A'dep-ikramliliq qag'iydalarin u'yreniw keleshekte insanlar arasinda, o'mirde o'z ornin tabiw ushin en' za'ru'r sha'rt bolip esaplanadi. Sonin' ushin da xaliq «A'dep-adamnin' ziyneti» dep a'depti ju'da' joqari bahalag'an. Usinin' menen a'dep insan ushin altinnanda qimbat, a'dep adamg'a ha'r qanday jan'a kiyim-kenshek ha'm bezeklerden de joqari turadi delinedi.

Ga'rezsizlikke eriskennen keyin elimizde ta'lim-ta'rbiya tarawinda tu'pkilikli o'zgerisler ju'z berip atir. Milliyligimiz tiklenip materialliq ha'm ruwxiy baylig'imizdin' jan'a ashilg'an betleri ashilmaqta.

Prezidentimiz I.Karimov elimiz jaslarinin' aqilli, bilimli ruwxiy ta'repten jetilisken o'zinin' o'tmishi ha'm qa'diriyatlari menen maqtana alatug'in ?atannin' gu'llep jasnaytug'inlig'ina bekkem isenim menen qaraytug'in etip ta'rbiyalaw ma'selelerine atalarsha g'amqorliq jasamaqta. «Bizin' perzentlerimiz bizden go're ku'shli, aqilli ha'm a'lbette, baxitli boliwi kerek» dep jaslar ta'rbiyasin ma'mleketlik siyasiy da'rejesine ko'terdi. Jaslardi ka'malatqa jetkiziw-ushin olardi o'tkendegi ulli oyshillarimizdin' miyras etip qaldirg'an milliy ruwxiy, moralliq

ma’deniy miyraslarimizdi u’yreniw, olardi a’meliyatta qollana aliw ha’m sonin’ menen bir waqitta olardi ko’z qarashig’inday saqlap, qa’dirlewimiz kerek.

Biz ruwxiy bay ma’deniy miyrasqa iyemiz, qa’legen tarawg’a na’zer salsaq haqiyqatti ko’riwimiz mu’mkin. Muqaddes zaminimizde tuwilip do’retiwshilik miynet etken Ibn Sino, Xorezmiy, Beruniy siyaqli allamalarimizdin’ ullilig’i pu’tkil dun`yag’a a’welden ma’lim. Biz olardin’ miyraslarin ha’r ta’repleme ken’nen u’yreniw baxtina g’a’rezsizligimiz arqali eristik. Endigiden bilay olardin’ ullilig’i jasalma ta’rizde kemsitilip kelingen danishpanlardin’ o’miri, ilimiy-ruwxiy, ma’deniy miyraslarin qunt penen u’yreniw-bul ma’mleketimizdin’ ilimiy qa’diriyatlarin bayitiw bolip tabiladi.

Farabiy shan’araqta ka’mil insandi jetilistiriwde en’ da’slep jaslarda moralliq qa’siyetlerdi qa’liplestiriw kerekligin aytadi. Ol a’dep-ikramli insan degende oqiw-ilimge umtiliwshi, haqiyqatliq ha’m a’dalatliq ushin gu’resiwshi, o’tirikshiliktin’ dushpani, o’z pikirinde turatug’in, adamlardi na’zerde tutadi. Ol jaqsi minez-quliqli adam boliw ushin o’zinde on eki tu’rli qa’siyetti birlestirgen boliw tiyis dep esapladi.

1. Jaqsi den sawliq. 2. O’tkir zeyin. 3. bekkem yad

4. Tez qararg’a keliw. 5. Suliw so’ylew. 6. Oqiw bilimge umtiliw

7. ziyanli qumar oyinlardan awlaq boliw. 8. Shinliqti ha’m a’dillikti su’yiw. 9. Ar-namisli boliw. 10 Adamgershilikli boliw. 11. Jo’nsiz o’jet bolmaw.

Farabiy adamlarda tuwma moralliq sezimler bolmaytug’inin, onin’ ta’rbiya arqali ju’zege keletug’inlig’in adamnin’ xarakteri, minez-qulqi ol jasap atirg’an sotsial ortaliqta qa’liplesetug’inlig’in bayanladi.

Abu Rayxan Beruniy-ja’ha’nde aqil za’kawatli, teren’ ilimi menen taiyxta ayriqsha orin tutatug’in ulli oyshil danishpan. Ol pa’nnin’ matematika, astronomiya, astrologiya, geografiya, etnografiya, filosofiya, minerologiya, ja’miyetlik tarawlardin’ joqari bilmmdani edi. Onin’ ko’pshilik shig’armalarinda insannin’ a’dep-ikramli, qulqi haqqinda teren’ pikirler bayan etilgen.

Beruniy «O’tken a’wladlar estelikleri» shig’armasinda ayirim adamlardin’ minezinde bar bolg’an qizg’anshaqliq, jalg’anshiliq. eki ju’zlemeshilik,

xoshametgo'ylik siyaqli illetlerdi ayawsiz qaralaydi. Bunday a'depsizlik ha'm ta'rbiyasizliqlarg'a qarama-qarsi aqilliliqlar haqqinda ju'da' ibratli pikirler aytadi. Beruniy «Azadaliq ha'm tazaliq adamgershiliktin' o'zegi» boliwi kerekligin aytadi` Insannin' sirtqi jag'imli ko'rinisi tuwridan-tuwri onin' a'deplilik ko'rinisi menen baylanislilig'i tuwrali aytip, waqtinda tisti juwiw, ko'z ha'm qabaqlardi taza tutiw, olarg'a su'rme qoyiw, shashti taza tutiw, olarg'a su'rme qoyiw, shashti za'ru'r bolsa boyaw, tirnaqlardi alip turiw siyaqli a'detler saw-salamatliqtan tisqari insannin' go'zzallig'i ha'm pa'kligin ta'miyinleydi,-deydi.

Ibn Sinonin' pikirinshe, insannin' qa'liiplesiwinde onin' a'tirapin orap alg'an sirtqi ortaliq, adamlar insannin' a'tirap-dun`yani biliwine g'ana emes, ba'lki onin' minez-qulqina jaqsi yaki jaman ta'repleri de ta'sir etedi. Sonin' ushin balalardi ta'rbiyalawda iqtiyatli boliw kerek, bala jaman a'detlerge u'yrenbesligi ushin, oni jaman adamlardan, jaman ortaliqtan uzag'iraq saqlaw za'ru'r.

Ibn Sinonin' ta'rbiyaliq ko'z-qaraslarinda shan'araq ha'm shan'araqliq ta'rbiya ma'seleleri ken' orin alg'an. Sebebi, insan da'slep shan'araqta ka'malatqa jetedi.

Alim shan'araqta ata-ananin' waziypasi ha'm minnetine u'lken itibar beredi. Shan'araq qatnasiqlarina toqtalar eken, a'sirese, ata-ananin' shan'araqta miynetsu'ygishligi menen perzentlerin de ka'sip ha'm o'nerge u'yretiwi barisinda a'hmiyetli pikirler bayan etedi.

Ibn Sinonin' «Ishorat», «Donishnoma», «Xayy ibn yaqzon», «Sapomon va ibsol» siyaqli shig'armalarinda ta'rbiyanin' ba'rshe formalarina ta'n qaraslarii bar. Bul qaraslar ko'p jillar dawaminda a'wlad-a'jdadlarimiz ushin balalardi ta'rbiyalaw mektebi bolip kelmekte. Misali, onin' «Tadbiri al-Manozil» atli shig'armasinda u'lken bap shan'araq ha'm shan'araqliq ta'rbiya ma'selesine arnalg'an. Ibn Sino shan'araqta bala ta'rbiyasi bir qansha quramali ha'm na'zik bolip, oni balanin' jaslig'inan baslaw ha'm izshillik penen alip bariw lazimlig'in aytadi. Ol ana ha'yyiwinin' ta'rbiyaliq a'hmiyeti haqqinda toqtalip, «ha'yyiw» eki waziypani orinlaydi, deydi. Birinshi oni terbetiw arqali balag'a fizikaliq dem alis, la'zzet bag'ishlanadi. Ekinshisi besikti bir tegis, bir qa'lipte terbetiwden ananin'

mehri beriledi, balasina bolg'an muhabbatinan ananin' arziw-niyeti , ju'rek to'rinen shig'adi. Bul o'zine ta'n qosiqperzent qa'lbine, pu'tin denesine sin'ip baradi, sol ta'rizde jariq a'lemdi an'lay baslaydi. Ol a'ste-a'ste an'lawdaw u'yreniw baslanadi. Tap sol u'yreniw ta'rbiyalaniw esaplanadi. Sebebi, u'yreniw seziwden kelip shig'adi. Ibn Sino a'ne sol jag'dayg'a itibardi qaratip, «Jas balanin' sezgirlik quwati u'lken adamg'a ten' keledi»-degen pikirdi bildiredi.

Ibn Sino bala ta'rbiyasinda shan'araq baslig'i-a'kenin' roline o'z aldina itibar beredi. «Eger shan'araqta,-deydi ol,-shan'araq baslig'i ta'jiriybesizlik qilsa, ol shan'araq ag'zalarin jaqsi ta'rbiyalay almaydi ha'm aqibette bunnan jaman na'tiyjeler kelip shig'iwi mu'mkin». Bala ta'rbiyasi jaqsi jolg'a qoyilsa, shan'araq baxitli boladi. Shan'araq tin' en' za'ru'r waziypasi bala ta'rbiyasi esaplanadi.

Insannin' o'mir joli besikten baslanip, qa'birde tamamlanadi. Insang'a besikten baslap duris ta'rbiya berilse, onin' o'mir joli mazmunli boladi. «Eger bir adam jaslig'inda na'psi buzilip, ta'rbiyasiz bolsa, a'dep ikramsiz bolip o'sse, Allaxuakbar, bunday adamlardan jaqsiliq ku'tiw, jerde turip juldizlarg'a qol sozg'an menen barabar siyaqli»-degen edi Abdulla Avloniy.

Balaliq-bul piteyin dep turg'an imaratqa usaydi, imarat qansha boy sozsa, onin' tirnag'i sonshelli teren' ha'm bekkem boliwi za'ru'r. Insang'a balalig'inan baslap bilim beriw, ta'rbiyalaw da'rkar. Balaliqtan jaqsi ta'rbiya ha'm teren' bilim alg'anlar keleshekte Samarqand, Buxara Xiywadag'i aspan menen tiresken nag'isli imaratlar, xaliq ag'artiwshilari siyaqli adamlar arasinan boy ko'rsetip shig'adi ha'm babalarimiz Imam Buxariy, Al-Beruniy, Ibn Sino, Al-Farabiy. At-Termiziy, X.A.Yassawiy, Berdaq, A'jiniyaz, Kunxoja, Ayapbergen Muwsa uli, Abbaz Dabil uli, Sadiq Nurimbet uli siyaqli o'mir aspaninin' jariq juldizlari bolip ka'malg'a keliwi mu'mkin.

Xaliq penen birge boliw, ha'r qanday jag'daylarda da birge jasaw qarim-qatnas dep ataladi. Elimizde xaliqshil adam joqari hu'rmetke bo'lenedi. Adamlardin' bir-biri menen bolg'an mu'na'sibetlerinin' go'zzallig'i mulayimlilig'ina «ja'ma'a't a'debi»-delinedi.

O’tken oyshillardin’ tek shig’armalarindag’i jaqsi ideyalar arqali g’ana emes, al ta’lim-ta’rbiyada olardin’ u’lgili o’mirleri de adamiyliq paziyletleri de ayriqsha a’hmiyetke iye.

So’zdi o’z orninda so’ylep biliwde a’deplilik. Danalar aytqan`

A’depli adam ko’p so’ylewden qashadi,
Ga’p tin’lawg’a jarisadi mudami,
Tin’law aqilin’a aqil qosadi,
Ko’p so’ylegen ko’p aljasadi.

(A’.Nawayi. «Maxbub-ul-kulub»)

A’dep-ikramliq, jaqsi minez-quliq haqqinda tag’i bir danishpan` «Men dun`yanin’ ju’zin gezip a’dep-ikramli adamlardan go’zzalliraq hesh na’rseni ko’rmedim»-degen eken. Xaliq a’zelden a’dep-ikramli, adamgershilikli adamnin’ o’zine ta’n paziyleti bul onin’ aqillig’i dep tu’sinedi ha’m usi danalig’i menen ulig’laydi. Usi sebepli turmistin’ ha’r bir tarawinda aqil-parasatli, adamnin’ qa’dir-qimbati artip jaslarg’a u’lgi bolatug’inin xaliq ba’rqulla yadta uslag’an.

Xa’r bir adam a’deplilik qag’iydalari tiykarinda jasap, onin’ normalarin orinlay otirip ja’miyettin’ ha’m xaliqtin’ isenimin aqlaydi. «Oylanbastin’ tu’bi oyran» degen naqil bar xalqimizda. Bul adam o’z o’mirin bosqa o’tkermesin, belgili maqsetler menen jasaw kerek degendi an’latadi. Oyshillar na’siyhati bizlerdi ulli maqsetlerge baslaydi.

Oyshillardin’ a’deplilik boyinsha na’siyhatlarinda adamg’a jamanliliqtin’ ziyan ekenligin tu’sindirip, onnan bas tartiwg’a u’yretip, og’an tuwri joldi, a’deplilik jolin ko’rsetedi. O’ytkeni, ja’miyettegi en’ jaqsi adam bul u’lgili a’depke iye adam bolip tabiladi. Demek, a’depli adamlar ja’miyettin’ biybaha baylig’i, biyik ma’rtebesi. Qaysi ja’miyette a’depli isler jaqsi jolg’a qoyilsa, onda ol ja’miyettin’ abiroyi ba’lent ma’rtebeli. Solay eken, biz qurmaqshi bolg’an «Keleshegi ulli ma’mlekettin’ adamlari en’ aldi menen a’depli boliwi kerek ha’m bunday adamlardi ta’rbiyalawdi danishpan oyshillarimizdin’ biybaha miyraslari bizge jaqinnan ja’rdem beredi. A’deplilik ta’rbiya arqali qa’liplesedi. Sonliqtan

olardin' miyraslarin ele de teren'irek u'yreniw ha'm ta'lim-ta'rbiya protsessinde ken'nen paydalaniw sira' keshiktiriwge bolmaytug'in waziypalardan biri.

Eger kimde-kim bul danishpanlardin' u'git-na'siyatlarina a'mel qilip, olardi basshiliqqa alip jasasa onda a'dep-ikramliliq boyinsha en' jaqsi paziyletli adam bolip jetilisedi ha'm el arasinda u'lken izzet-abiroyg'a bo'lenedi.

Baxitqa erisiwdin' birden-bir joli-bul ha'r bir adam o'z qiliq qilwalarin a'dep-ikramliliq normalari menen birdeyine qadag'alap, bahalap bariw bolip tabiladi.

Jasi u'lkenlerdi hu'rmet etiw bul barliq xaliqtin' da'stu'rinde erte zamanlardan berli bar. Jasi u'lkenlerdi siylaw, hu'rmet etiw onin' tek jasin g'ana emes, al o'z o'mirinde xaliqqa etken hadal xizmetin bahalaw bolip tabiladi. Usig'an baylanisli do'regen naqil-maqallarda` «Atan'a ne qilsan', aldin'a sol keledi», «Jasi u'lkendi siylag'annin' o'zi siyli boladi» deydi.

Jasi u'lkendi, siylasan'
Alg'is jawar basin'a,
Jasi u'lkendi xorlasan',
Qarg'is jawar basin'a.

Bul jerde eger de jasi u'lkendi siylasan' barliq waqitta jaqsi so'z, alg'is aytilatug'ini, egerde jasi u'lkendi siylamay oni xorlasan' bul aqilsizliqtin', a'depsizliktin' belgisi ekenligi so'z etilgen. Egerde bala ta'rbiyali aqilli, bilimli bolsa o'zine jaman so'z ertkish kelmeydi.

Jaslardi a'dep-ikramliliqqa ta'rbiyalaw bul adamgershilik sipatlardin' ajiralmas bo'legi bolip, bul ata-ananin', sem`yanin' tiykarg'i ta'rbiyaliq maqsetlerinin' biri bolip esaplanadi.

w. Insannin' sanasi enip, so'z o'neri payda bolg'an zamanlardan beri, a'wladtan-a'wladqa o'tip kiyatirg'an xaliq do'retpesinin' en' eski tu'rlerinin' biri naqil-maqal ha'm hikmetli so'zler boladi. Ol xaliq filosofiyasi menen xaliq pedagogikasinin' bala ta'rbiyasindag'i mag'izi bolip esaplanadi.

Bul orinda qaraqalpaq oyshillarinin' a'deplilik haqqindag'i miyraslarin u'yreniw ha'm teoriyaliq ha'm a'meliy a'hmiyetke iye. Qaraqalpaq oyshillari Jiyen

jiraw, Ku’nxoja, Berdaq, Omar shayir, Gu’lmurat shayir h.t.b. ta’rbiyaliq a’hmiyetke iye bolg’an shig’armalari bu’gingi ku’ni ruwxiy ag’artiwshilig’imizdin’ rawajlaniwinda a’sirese, ba’rkamal a’wladti ta’rbiyalawda ayriqsha a’hmiyetke iye.

XIX a’sirdin’ ulli shayiri, ha’ziretimiz A’jiniyaz da balalardi ta’rbiyalawda o’z shig’armalarinda shan’araqta bala ta’rbiyasi haqqinda bayanlag’an bahali pikirlerin ko’remiz

A’jiniyaz shig’armalarinda qollanilg’an oyimizdin’ ko’rki, pikirimizdin’ baylig’i bolg’an naqil-maqal ha’m hikmetli so’zler, birinshiden insan o’miri ha’m turmistin’ tu’rli tumen tarawlarin adamlardin’ ruwxiy keyiplerin, sezim tuyg’ilarin, a’dep ikram qa’siyetlerin oqiwshilarina obrazli etip jetkerip berse, ekinshi ta’repten qosiq tilinin’ na’zikliligin, ko’rkem jilwalilig’in ku’sheytken.

Shayir xaliqtin’ erkesi, ol ne aytsa durisin aytadi, qa’ten’di aytsa «Betke aytqannin’ za’ha’ri joq» dep moyinlansa, watan su’ygish miynet adamlarin maqtasa quwanadi. Biy a’dep ladanlardi, qayirimsiz perzentlerdi tu’sinimpazliqqa, bag’darg’a biy rayg’a itibar beriwge, biy orin so’ylemewge hadalliqqa dosliqqa shaqiriwshi pikirlerdi qisqa etip bayan etiwge qollang’an naqil-maqallardi qisqa ha’m keskir ta’rizde ornin tawip jayg’astirip otiradi. A’jiniyaz o’zinin’ shig’armalarinda xaliq naqil-maqallarinan ken’ ha’m o’nimli paydalaniw menen birge o’zide turmistin’ tu’rli tarawlari adamlardin’ ruwxiy keshirmelerin, xarakterlerin, qiliq-qilwalarin minezlerin xalayiqqa aniq etip, shig’arma tilinin’ go’zzallig’in ha’m ko’rkemliligin ku’sheytip beredi. «Pazilet bilmegen ladan to’rt ayaqli malg’a megzer» yamasa «aqmaq bolsa tuwg’an balan’, o’mirin’ zimistang’a megzer», «Bul dun`yanin’ ko’rki adam balasi», «Elinen ayrilg’an diywana bolar», «A’depsiz, ikramsiz biypa’him qizdan, xoshrey bolmaq bila’n janan bolurma» degen naqil-maqal ha’m oforizmge aylang’an julip alatug’in so’zlerdi jurtshiliq haw, bul A’jiniyazdiki g’oyYo dep birden ta’n qalatug’ini so’zsiz A’jiniyazdin’ hikmetli so’zleri bolg’ani menen son’g’i waqitlari ol xaliqtin’ sanasina sin’ip geyde avtordanda biyg’a’rez kerek jerinde so’zdin’ pa’tin ku’sheytiw ushin qollanilip kete beredi. Sonin’ ushinda tilimizdegi aytilip ju’rgen ko’p g’ana naqil-

maqal, ushirma so’zlerdin’ deregi shayirlardin’ jeke do’retpelerine barip taqaladi. Awiz eki a’debiyat penen jazba a’debiyattin’ o’z-ara baylanisi ha’m o’z-ara bayip bariwi ha’r qanday awiz eki do’retpenin’ payda boliwinda jeke avtorinin’ bolg’anlig’inan derek beredi.

A’jiniyazdin’ lirikalarinda insan temasi dun`yada ha’r qanday barliq arasinda sirtqi ha’m ishki ko’rinisi menen de en’ a’ziz, en’ hu’rmetli, en’ muqaddes ha’m go’zzal ila’hiy zat dep konkret ta’riplendi. Sonliqtanda «Bul dun`yanin’ ko’rki adam balasi» dep shin’larg’a ko’teredi.

Xaliq penen birge boliw, ha’r qanday jag’daylarda da birge jasaw qarim-qatnas dep ataladi. Elimizde xaliqshil adam joqari hu’rmetke bo’lenedi. Adamlardin’ bir-biri menen bolg’an mu’na’sibetlerinin’ go’zzallig’i mulayimlilig’ina «ja’ma’a’t a’debi»-delinedi. Berdaq «Jalg’iz su’yenishim xalqim panayim, ju’zimdi soldirar dushpan sol ushin» degen edi. Qaraqalpaq oyshillarinin’ biri Berdaq xaliqqa xizmet etiwdi a’deplilik ha’m ko’rgenliliktin’ belgisi dep joqari bahalaydi.

Adam uli ba’ri birdeyin bolmas,
Birinin’ gu’li solsa, biriniki solmas,
Jaqsi bolsa biya’deplilik is qilmas,
Jaqsi bolsa xizmet eter xaliq ushin.

Al «Balam» qosig’inda` O’shin’di al dushpanin’nan
Ku’shin’di jiyna jasin’nan

**Xalqin’ qalmasin son’in’nan**

Kishi peyil bol jastan balam- dep a’deplilik haqqindag’i pikirlerin pu’tkil xaliq balalarina na’siyat ta’rizinde bayan etedi. Shayir ta’rbiyada dene jazasinin’ balada unamsiz ta’sir qildiratug’inin mektepte oqig’an da’wirde ko’rgen sha’kirttin’ biri sipatinda pikir ju’rgizgen. A’sirese ol sem`yada balani urip jaman so’zler aytip ta’rbiyalawdin’ qa’telik ekenin ayriqsha tu’sindirdi. Berdax jaslardin’ unamli azamat bolip qa’liplesiwi ushin za’ru’r ta’rbiya tu’rleri aqil, moralliq, unamliliq ja’ne go’zzalliqti su’yiwge ta’rbiyalaw dep ko’rsetti.

Ta’lim menen ta’rbiyanin’ baylanista borliw kerekligin maqulladi. Berdaxtin’ tu’siniginshe aqil jetiskenligi adamdi ha’r ta’repleme tabisqa jetistiredi dep barliq na’rseni aqil menen oylap, aqil menen sheshiwdi talap etti. Ag’artiwshinin’ aqil ta’rbiyasi haqqindag’i pikirleri onin’ dun`yani biliw tu’sinikleri menen tig’iz baylanisqan.

**e.** Ja’ha’n ilimi ha’m ma’deniyatina ku’ta’ u’lken u’lesler qosqan shig’is danishpalari o’zlerinin’ ken’ ko’lemli pikirleri menen insannin’ qanday qilip baxitli o’mirge qa’dem taslawi mu’mkinligi haqqinda da ko’p izlenip, bul haqqinda a’dil jol tabiw ushin umtilg’an. Olar o’zlerinin’ a’ne usi mazmunda do’retken shig’armalarinda a’dep-ikramli boliw, awizbirshilikli tatiw shan’araq quriw baxitqa jetelewshi isenimli jollardan ekenligin ko’rsetip bergen. Olardan Farabiy, Beruniy, Ibn Sino, Yusup Xos Xojib, Maxmud Qashqariy, qayqawis, nawayi, A’jiniyaz Berdaq h.t.b.

Olar shan’araqtag’i perzent ta’rbiyasi, ta’rmis ma’deniyati, turmis quriwshi jaslardin’ a’dep-ikramli, minez-qulqi qanday boliwi shan’araqta jigit ha’m qizdin’ qalay ta’rbiyalaniwina baylanisli. Jaslarimizdin’ baxitli boliwi ushin duris ta’rbiya aliw za’ru’rligin tu’sindirgen alimlar o’zlerinin’ bilimleri u’lken turmis ta’jiriybelerine su’yenip a’depnamalar, na’siyatnamalar ha’m a’dep-ikramliqqa tiyisli bahali shig’armalarin miyras etip qaldirg’an.

Farabiydin’ dun`yaqarasi ta’biyiy ha’m ja’miyetlik pa’nlerdin’ en’ basli mashqalalarin sheshiwge qaratilg’an. Ol ulli matematik, shipaker, ataqli filosof, joqari da’rejeli ta’rbiyashi ha’m ko’zge ko’ringen alim edi.

Farabiy insannin’ minez-qulqi haqinda aytar eken, ol minez-quliqti ja’ma’a’t miynetisiz ko’z aldina keltire almaydi. Birgelikte miyne etiw ja’miyetti payda etetug’inniday minez-quliqti da ja’miyet miyneti jaratadi.

u0 jildan aslamiraq hu’kimlik etken kommunistlik ideologiya balalardi ha’r ta’repleme ta’rbiyalawda shan’araq ta’rbiyasina da o’z ta’sirin tiygizdi. Ga’rezsizlik bunday unamsiz illetlerge shek qoydi. Milliy qa’diriyatlar qayta tiklendi. Ta’lim-ta’rbiya tarawinda biybaha esaplang’an danishpan alimlarimiz Farabiy, Beruniy, Ibn Sino, Yusip Xos Xojib, A’jiniyaz, Berdaqlardin’

do’retpelerinde bala ta’rbiyasi, shan’araq ta’rbiyasi haqqindag’i pikirleri barliq adamlar ushin da’slepki pedagogikaliq tu’siniklerdi qa’liplestiriwde bul jumis bahali material boladi.

## 2. Shan’araqtin’ huqiqiy statusi ha’m onin’ ma’plerinin’ nizamliq qorg’aliwi

Huqiqiy demokratik ma’mleketti quriwdi ha’m puqaraliq ja’miyetti rawajlandiriw protsessinde shan’araq instituti ayriqsha orin tutadi. Onin’ moyninda, da’slep barkamal insandi ta’rbiyalaw, ja’miyetlik qa’diriyat ha’m milliy da’stu’rlerdi a’wla’dtan a’wla’dqa jetkerip bariw waziypasi turadi.

Usi waziypalardi orinlaw ushin shan’araqtin’ huqiqiy statusi bekkem boliwi kerek.

Sonliqtanda O’zbekstan Respublikasi Konstitutsiyasinin’ qr babi toliq shan’araqqa bag’ishlang’an.

Bunda shan’araq ma’mleket ta’repinen qorg’aliwi, ata-analar ha’m balalar ortasindag’i o’z-ara mu’na’sibetlerdin’ mazmun-ma’nisi, er jetpegenler ma’mleket ha’m ja’miyet qorg’aniwinda ekeni aytip o’tilgen. Usi Konstitutsiyaliq o’lshemler qooi-jil e0-aprel`de qabil qiling’an Oila Kodeksinde ha’r ta’repleme sa’wlelendirilgen ha’m huqiqiy ta’repten bekkemlengen.

Ma’lim bolg’aninday, shan’araq a’detde ata-ana ha’m balalardan ibarat boladi. Olar ma’mlekettin’ puqarasi, insan sipatinda huqiqiy statusqa iye ha’mde bul tuwridag’i huqiq ha’m ma’pleri nizam ta’repinen qorg’aladi. Ha’zirgi waqitta, olardin’ ha’r biri shan’araq ag’zasi bolip esaplanadi. Bunday talqindag’i huqiqiy jag’daydin’ o’zine ta’n o’zgeshelikleri bar.

Shan’araq-bul jasaw ortalig’i o’zine ta’n, a’wladlar araliq ha’m puqaralar araliq o’z-ara mu’na’sibetlerdin’ jiynag’i, insannin’ shaxs sipatinda

rawajlaniwinin’ ta’rbiya ma’kani. Usi tiykarda alg’anda ata-analar ha’m balalardin’ tap «ata», «ana» ha’m «perzent» sipatindag’i huqiqiy statusi ha’m olardin’ ma’pleri qay da’rejede qorg’aliwi –u’lken a’hmiyetke iye.

Ata-analar ha’m balalar huqiq ha’m ma’plerinin’ puqaraliq huqiqiy jinaiy-huqiqiy, jergilikli–huqiqiy qurallar menen birge shan’araqliq huqiqiy o’lshemlerde bekkemlep qoyilg’an o’zine ta’n shan’araqliq – huqiqiy qurallar da bar. Onin’ mazmun-ma’nisi, en’ a’welden, shan’araq ha’m shan’araq ag’zalari ma’plerinin’ birligin ta’miynlew, olar ortasindag’i o’z-ara mu’na’sibetlerdin’ aqillig’in saqlap turiw, usi waqitta, ha’r bir ata-ana ha’m perzentlerdin’ jeke ma’plerine ziyan jetkizbew jag’daylarin ta’rtipke saliwda ju’zege keledi.

Shan’araqliq-huqiqiy mu’na’sibetlerde de jeke ha’m mu’lklik ma’plerinin’ birligi ayriqsha a’hmiyetke iye bolg’anlig’i sebepli, olar o’zine ta’n huqiqiy qorg’aw qurallarinin’ qollaniwin ko’rsetedi. Shan’araq ma’plerinin’ nizamliq qorg’aliwi a’melge asiriladi. Demek, huqiqiy ta’repten qorg’awda puqaraliq-huqiqiy qorg’aw qurallari menen bir qatarda protsessual qurallar da qollaniladi. Misali , er ha’m hayal ortasinda kelispewshilik kelip shiqsa yamasa mu’lklik ma’seleler ju’zesinen arani ashiq qiliw lazim bolg’an jag’daylarda mashqala puqaraliq protsessual Kodekste keltirilgen o’lshemler ha’m qag’iydalar tiykarinda sheshiledi yamasa bunday jag’daylarda sud mekemelerine mu’ra’ja’t qilg’anda da protessual o’lshemler qollanadi .

Negizinde shan’araqliq mu’na’sebetler, er ha’m hayal , ata-ana ha’m perzentler ortasinda mehir-muhabbat tuyg’isi ayrim waqitlari en’ jaqin insannin’ baxti, jetiskenligi ushin jeke ma’plerin qurban qiliwg’a, tinishlig’inan waz keshiwge shekem baratug’in mu’na’sebetlerdin’ o’te na’zik sezimlerge tayang’anlig’i sebepli, olardi hesh qanday huqiqiy o’lshemler menen ta’rtipke salip bolmatug’inday bolip seziliwi mu’mkin. Usinin’ menen birge ja’miyettin’ paraqatshilig’i, sonin’ menen birge, puqaraliq ja’miyettin’ o’zine ta’n nizam-qag’iydalari shan’araqliq mu’na’sebetler, balalardin’ du’n`yag’a keliwi,

ta'rbiyasi, shan'araqtin' materialliq jaqtan ta'miyinleniwi, analiqti qorg'aw, ata-analar qalg'an balalardi qorg'aw sharalarin rawajlandiriwdi ju'zege keltiredi.

Shan'araqliq huqiqiy mu'na'sibetler, tiykarinan, balalar ha'm ata-analar ortasindag'i mu'lklik ha'm mu'lklik emes mu'na'sibetler uliwma huqiqiy ta'limge qarasli, yuridik faktler ju'zege keledi. Yag'niy waqiyaliqta shan'araq ag'zalari ortasinda jan'a mu'na'sibetler dizimi payda bolg'anda, misaliU' qiz bala turmisqa shig'ip, o'z shan'arag'inan shig'ip ketiwi yaki jigit u'ylenip, perzent ko'rgeni mu'na'sebeti menen yuridik fakt mu'lklik sha'rtlerdi nizamlastiriw ushin qollanadi.

Ga'p sonda, haqiqiy jag'day bir tu'rdegi huqiqiy mu'na'sebetlerde yuridik fakt sipatinda, basqa huqiqiy mu'na'sebetlerde bolsa yuridik sharayat sipatinda bar boliwi mu'mkin. Balalar ha'm ata-analar ortasindag'i jeke mu'lklik emes mu'na'sebetlerdin' ju'zege keliwi ushin balanin' belgili insanlardan, yag'niy og'an o'mir bergen er ha'm hayaldan du'n`yag'a kelgeni tiykar esaplanadi.

Anig'iraq aytqanda, balanin' tuwilg'ani-yuridik fakt, oni du'n`yag'a keltirgen jag'day bolsa, er ha'm hayaldin' nizamliq neke mu'na'sebetleri bolip esaplanadi. Ta'biyiy tu'rde, er ha'm hayal ortasinda nizamli ra'wishte ra'smiylestirilgen neke negiz sipatinda xizmet qiladi.

Shan'araqliq mu'na'sebetler, o'z ma'nisine qaray, puqaraliq huqiqi tarawina kiretug'in mu'na'sebetlerdin' ha'r qiyli tu'rleri penen ta'rtipke salinatug'in sotsialliq mu'na'sebetler. Bunday mu'na'sebetler quramali ha'm ha'r tu'rli bolg'ani menen belgili birdey belgileri de bar. Mine usi uliwma belgiler sebepli olar puqaraliq huqiqi menen ta'rtipke salinatug'in basqa mu'na'sebetlerden ajiralip turadi.

Usi orinda shan'araq tuwrisindag'i nizam hu'jjetlerinin' o'zine ta'n bir o'zgesheligin aytip o'tiw kerek. A'meldegi nizam hu'jjetlerinde «Shan'araq» atamasinin' ra'smiy ta'riypi joq. Bunday ta'riyp shanaraqtin' ja'miyette tutqan orni, a'hmiyeti, ag'zalarinin' quram bo'limi ha'mde olardin' huqiqiy statusin aniqlaw imkanin bergen bolar edi.

Taza redaktsiyadag'i Oila Kodeksinde de shan'araq tu'sinigine ta'riyp berilmegenin qasttan jayip bolmaydi. Sonliqtan shan'araqtin' ta'riypin qatan' belgilep, belgili ta'rizde da'lillep beriw qiyin, biraq a'melge asirsa bolatug'in is. Misali U' o'zbek tilinin' taliqlawli eskertpe so'zliginde shan'araqqa to'mendegishe ta'riyp berilgenU' «Er-hayal, olardin' bala-shag'alari ha'm en' jaqsi tuwisqanlarinan ibarat birge jasawshi kisiler bar». Bizin'she, bunday ta'riyp toliq emes, sonliqtan ol shan'araqtin' mazmun-ma'nisin toliq da'lillemeydi .

Bizin' pikirimizshe, shan'araq ha'diysesine, aldi menen sotsialliq ha'm huqiqiy ma'niste ta'riyp beriw za'ru'r. Shan'araq sotsialliq-ta'biyiy ha'diyse sipatinda huqiqiy qag'iydalar quralinda quramin tabadi ha'm bekkemlenedi. Shan'araqtin' bunday belgisi insan huqiqlari uliwma ja'ha'n deklaratsiyasinda da o'z da'lilin tapqan. Onin' qy-stat`yasinda muwapiq «Shan'araq ja'miyettin' ta'biiy ha'm tiykarg'i kletkasi sanaladi ha'm ja'miyet ha'mde ma'mleket ta'repinen qorg'aliwina haqli». Deklaratsiyada shan'araqtin' bunday ta'riypleniwi O'zbekstan Respubikasinin' bunday ta'riypleniwi O'zbekstan Respublikasinin' Konstitutsiyasinda sa'wlelendirilgen. Tiykarg'i nizamimizdin' ye-stat`yasina baylanisli «Shan'araq ja'miyettin' tiykarg'i buwini ha'mde ja'miyet ha'm ma'mleket qorg'awinda boliwi huqiqina iye». Yuridik atamalar konstitutsiyaliq so'zlikte shan'araq tu'sinigi to'mendegishe ta'riyplenediU'«Shan'araq-insanlardin' ta'biiy–biologik, ekonomikaliq, huqiqiy ha'm ruhiy mu'na'sibetlerine tiykarlang'an sotsialliq birligi, ja'miyet rawajinin' ma'lim bir basqishinda ju'zege keledi». Usi ta'riypte de shan'araqtin' sotsialliq-ta'biiy ha'm huqiqiy ma'nide bir-biri menen u'zliksiz baylanislilig'i ko'rinip turipti.

Ha'zirshe shan'araq haqqinda ayriqsha pa'n joqlig'i siyaqli shan'araqqa onin' o'zgeshelikleri de sotsialliq-ta'biiy ha'm huqiqiy ma'nide ha'r ta'repleme jetisken o'z da'lilin tapqan da'l ta'riyp berilmegen, sonida aytip o'tiw kerek, shan'araqtin' tu'rli ta'repleri eetnografiya, u'lketaniw, demografiya, sotsial geografiya, sotsiologiya, statistika, psixologiya, shan'araq pedagogikasi, meditsina, huqiqtaniw siyaqli gumanitar pa'nler ta'repinen u'yreniledi.

Misali U’ sotsiologiyada shan’araq degende insanlardin’ nekege, tuwisqanshiliqqa, balalardi ta’rbiyag’a ayliwg’a tiykarlang’an ha’mde turmis ha’m ma’pler birligi, o’z-ara g’amxorliq penen ajiralip turatug’in awqami (ittifoq) tu’siniledi. Huqiqiy ma’nide bolsa shan’araq yuyuridik mu’na’sibetler demek. Bul orinda shan’araq ag’zalarinin’ huqiq ha’m ma’jbu’riyatlari birinshi oring’a qoyiladi .

Shan’araqqa huqiqiy ta’riyp beriw ushin ol huqiqtin’ g’a’rezsiz sub`ekti sipatinda alip qaraliwi talap etiledi. Ayrim huqiqiy hu’jjetlerge baylanisli, shan’araqqa tiyisli huqiqlar, nizamliq ma’p ha’m ma’jbu’riyatlar (mal-mu’lktin’ ayirim tu’rlerine miyrasliq, shan’araq ag’zasinin’ abirayi, qa’dir-qimbat ha’m iske jaraqlilig’in qorg’aw, a’skeriy ha’m puqaraliq burshin o’tep atirg’anda du’n`yadan o’tkenlerdin’ shan’arag’ina jen’illikler) beriw ha’m tag’i basqa) daxil sipatinda qatnasatug’in shan’araqtin’ belgili ag’zalar ma’lim huqiqiy mu’na’sebetlerdin’ qatnasiwishisina aylanadi. Bunday ag’zalar shen’beri bolsa ta’rtipke salinip atirg’an mu’na’sebetlerdin’ ayirim tu’rlerine qarap ha’r qiyli belgilenedi.

Bizin’ pikirimizde, shan’araqliq huqiqiy tu’sinik ma’nisinde usi atamanin’ sotsialliq a’hmiyetine tuwri keletug’in ha’r qanday shan’araqti emes, ba’lkim a’meldegi nizam hu’jjetlerine muwapiq ag’zalari ortasinda o’z-ara huqiq ha’m ma’jbu’riyatlar ju’zege keletug’in shan’araq na’zerde tutiladi.

U’lkemizde ja’miyet barlig’i, shan’araqlar tinishlig’i ha’m quramalilig’inin’ tiykarg’i sha’rtlerinen biri–puqaralarimizdin’ huqiqiy sawatqanliq da’rejesinin’ joqarilig’i yaki Prezident Islam Karimov aytqaninday «aktiv qatnasiwshisi bolg’an O’zbekstannin’ hayal-qizlardin’ konstitutsiyaliq haq-huqiqlarin toliq qorg’awg’a erisiw, olardi sotsialliq-huqiqiy ta’repten qollap quwatlaw waziypasi» jurtbasimizdin’ w00w jili wt mayda qabil qiling’an «O’zbekstan hayal-qizlari jiyini xizmetin qollap-quwatlaw barisindag’i qosimsha shara-ta’dbirler tuwrisinda» g’i Pa’rmaninda da o’z sa’wlesin tapqan. Onda ko’zde tutilg’an waziypalardin’ toliq a’melge a’siriliwi, hayal-qizlardin’ ja’miyetimiz o’mirindegi orni ha’m

abiray-itibarinin’ ja’nede joqarilawi, shan’araqtin’ pa’ra’wanlig’i ha’m turaqlilig’in ta’miyinleydi .

Nizamlar atqariwshisin ta’miyinlew ma’mlekette qabil qiling’an ha’m a’meliyatti qollanip atirg’an normativ huqiqiy hu’jjetlerin o’mirge engiziwde a’dillik-nizam u’stinliginde degen printsip ba’rshemiz ushin da’stu’r boliwi kerek. Prezident Islam Karimov aytqanlarinday, «Nizam u’stinligin, insannin’ huqiq ha’m erkinleri qorg’aniwin ta’miyinlemesten turip, puqaraliq ja’miyetin quriw haqqinda so’z ju’ritiwge hesh qanday tiykar qalmaydi». Bul basqishlar Konstitutsiyamizda da aniq belgilep qoyilg’an.

Huqiq ha’m erkinliklerdi qorg’aw sharalari nizam joli menen a’melge asiriladi. Shan’araqliq huqiqlar da olardin’ buziliwi aqibetinde qolanilatug’in qatan’ sharalar arqali kepillenedi .

Shan’araqliq huqiqlardi qorg’awdin’ shan’araq kodeksindegi usillari o’zinin’ yuridik ma’nisine qaray bir qiyli emes. Ma’selege ken’ ma’niste jantasip, olardi eki tu’rge boliw mu’mkin :

1) Qorg’aw sharalari ;

2) Juwapkerlik sharalari ;

Qorg’aw sharalari ja’birleniwshinin’ huqiqlarin qorg’awg’a qaratilg’an bolsa, juwapkerlik sharalari bunnan tisqari, nizam buziwlarg’a qarag’anda olarg’a tiyisli huqiqlardan ayiriliw yaki moynina qosimsha ma’jbu’riyatlar ju’klew siyaqli ta’sir sharalarinin’ qollaniwinda ko’zde tutadi.

Qorg’awdin’ huqiqti ta’n aliw usili, yuridik ma’nisine go’re, qorg’aw sharalarina kiredi .

Bul usil tek g’ana yurisdiktsiyaviy formada a’melge asiriladi ha’m kelispey atirg’an huqiqti qorg’awdin’ g’a’rezsiz usili (misali, analiq ha’m ataliqti belgilew tuwrisindag’i talap) yaki qorg’awdin’ basqa usillarin qollaw za’ru’r faktori sipatinda (misali U’ er-hayaldin’ uliwma mal-mu’lkinin’ bir bo’limine bolg’an

huqiqti keyinshelik bul mal-mu'lkti bo'liw maqsetinde ta'n aliw) bar boliwi mu'mkin.

Shan'araqliq huqiq o'lshemlerdin' ayirimlari bir ret a'mel qiliw menen sheklenbeydi, kerisinshe uzaq mu'ddetke ha'm ha'tteki mu'ddetsiz a'mel qiliwg'a mo'lsherlengen boladi.

Sol sebepli de, eger shan'araqliq huqiqiy mu'na'sebetlerdin' basqa qatnasiwshilari bul huqiqlardin' a'melge asiriliwina tosqinliq qilip atirg'an bolsa, huqiq iyeleri bunday tosqinliqlardin' sheshiliwine erisiw mu'mkin.

O'mir jollari rawan emes, ta'g'dir taqazasi menen er ha'm hayaldin' bo'lek-bo'lek jasawina tuwiri keletug'in jag'daylar da ushirap turadi.

Shan'araq kodeksi uy- stat`yasinin' u'shinshi bo'limine baylanisli, ata-ana bo'lek tasaytug'in atanin' (ananin') ata-analiq huqiqlarin a'melge asiriw ta'rtibi tuwrisinda jazba ra'wishte kelisiw du'ziwge haqli. Eger ata-ana o'z-ara kelise almasa, uris olardin' (yaki olardan birinin') talabina baylanisli sud ta'repinen vasiylik ha'm qa'wenderlik organi qatnasiwinda sheshiledi .

Shan'araq kodeksinin' uu-stat`yasina baylanisli, bala menen gu'resip juriw huqiqi bala, kempir ata, ag'a-ini, apa-sin'li ha'm basqa jaqin qarindaslarina da beriledi, qoyo-jilg'i Neke ha'm shan'araq kodeksinde tek g'ana baba ha'm kempir apanin' o'z aqliqlari menen ko'risip turiwi huqiqi belgilep qoyilg'an edi. Endigide insanpa'rvarliq ideyalarinan kelip shig'ip, bala menen ko'risip turmis huqiqina iye bolg'an qarindaslar shen'berinde ken'eytiriledi. Misalg'a logikaliq jantasilatug'in bolsa, bala ha'm kempir ananin' o'z aqliqlari menen ha'miyeshe, hesh qanday tosiqsiz ko'risip ha'm sa'wbette bolip turiwdi a'detiy o'lshem dew mu'mkin. A'meldegi nizam hu'jjetleri endi bir ata-anadan tuwilg'an ag'a-ini, apa-sin'li, sonday-aq, basqa jaqin tuwisqanlardin' da qandasliq sezimlerin bekkemleydi, mehir-aqibet ko'rsetiw ha'm biradarliq mu'na'sebetlerin asraw ushin olardin' bala menen ha'miyshe ko'risip turiw imka'niyatin nizamshiliq tiykarinda jaratip berdi.

Ata-ana yaki olarda biri jaqin tuwisqanlardin’ bala menen ko’risiwine imkan berilse, miyrasliq ha’m qa’wenderlik organi ata-anag’a (olarda birine) bunday ko’risiw ha’m mu’na’sebetti bolmasliq waziypasin ju’klew mu’mkin. Ata-ana qararin orinlamasa, balanin’ jaqin qa’wenderlik organinin’ yaki miyrasliq ha’m qa’wenderlik organi bala menen ko’risip turiwg’a tosqinliq qiliw jag’daylarin sheshiw haqqindag’i dawa menen sudqa mu’ra’ja’a’t qiliwg’a haqli. Sud balanin’ ma’pleri ha’m pikirin inabatqa alg’an halda kelispewshiliklerin sheshedi.

Qaramag’inda (miyraslig’inda) bala bolg’an ata-ana (olardan biri) yaki basqa shaxslar Oila kodeksinin’ ie- stat`yasinda («Ata-analiq huqiqinin’ shekleniwi») belgilengen o’lshem tiykarinda balani ata-anadan aliw tuwrisinda jergilikli o’zin-o’zi basqariw organinin’ hu’jjeti ha’mde miyrasliq ha’m qa’wenderldik organinin’ ha’reketlerinin’ nizamshilig’i tuwrisinda sudqa shikayat qiliwi mu’mkin. Eger ata-ananin’ (olardan birinin’) ata-analiq huqiqlarinin’ shekleniwine tiykar bolg’an jag’daylar sheshilse, sud ata-ananin’ (olardan birinin’) dawasina go’re balani ata-anasinan (olardan birine) qaytariw (Oila kodeksinin’ iy-stat`yasi) biykarlaw haqqinda sheshiw qararin shig’ariw mu’mkin. Sud bir waqitta balani ata-anasina (olardan birine) qaytariw balanin’ ma’plerine qarsi bolsa, onin’ pikirin inabatqa alg’an halda dawani qanaatlandiriwdi qabillamaw mu’mkin.

Ma’jbu’riyatlardi tu’p halinda orinlawg’a ma’jbu’r etiw sonday shara, bunda qag’iyda buzar ja’birleniwshi onnan ku’tip atirg’an ha’rekette ma’jbu’riy ra’wishte a’melge asiriw sha’rt. Puqaraliq huqiqinda ma’jbu’riyatlardi tu’p halinda yaki haqiyqatinda da orinlaw a’dette saliq pulin (tovon) to’lewge qarama-qarsi qoyiladi.

**3. Kishipeyllik, a`lpayimliq-a`deptin` basi, ko`rgenlilik ha`m ta`rtiplilik-a`deplilik belgisi esaplanadi**

Bul o`zin qorshag`an do`gerekke, o`zin-o`zine qatnasta adam o`zinin` jeke bir ayriqsha artiqmashlig`inin` yamasa o`zgeshe bir huqiqinin` bar ekenligin moyinlamaw, ja`miyetlik ta`rtipke o`z erki menen bag`iniw, o`zinin` jeke tutiniwin sol ja`miyettegi xaliqtin` materiallaq jag`dayina muwapiq sheklew, geypara adamlardin` hu`rmet penen qaraw, bunin` ma`pine qayshi kelgen mayda-shu`yde kemshiliklerine shidaw ha`m sonin` menen qatar o`zgenin` xizmetine ha`m kemshiliklerine sin ko`z-qaras penen qaraw a`depleri.

Kishipeyillik insannin` ruwxiy simbatina tuwra keletug`in, maqtaniwdi qa`lemeytug`in tabislarina marapatlanbaytug`in kisiler, kisinin` o`zine ha`m a`traplarindag`ilarg`a haq kewillik mu`na`sibetti ko`rsetetug`in a`deplilik sipat. Ol menmenlikke qarsi bolip kisinin` alahida joqari iye ekenligin ko`z-ko`z qilmaslig`inda ko`rinedi. Bul a`dep so`zde de ha`meldede yamasa bayliqqa iye ekenligin ko`z-ko`z qilmaslig`inda ko`rinedi. Bul shaxstin` ruwxiy a`leminde sabir-taqat penen janma jan turadi. Sabirsiz adam kishipeyil bola almaydi. Kishipeyil adam basqalardin` kemshiligin aqtarmaydi ba`lki o`zinin` qa`telerine sin menen qaraydi. Kishipeyil adam ataq tabiw ushin emes, adamlar januya, xaliq ha`m Watan aldinda insaniy burishin orinlaw ushin ha`reket qiladi. El jurt ushin, xaliq ushin biyminnet xizmet qilatug`in insanlardi qa`dirleydi.

Manawiyatsiz kabrge (ko`krekke) berilgen adam kishipeyil bolalmaydi. Adamnin` manawiyati bolg`an sayin adam kishipeyil bola bermeydi. «Darahqa miywe pitken sayin iygiligin» degen niqil usigan baylanisli. Kishipeyillik ta`lim-ta`rbiya menen ko`rkem a`debiyat ha`m saniyat arqalida qa`liplesiwide mu`mkin.

Adamnin` kishipeyil ha`m a`lpayim boliwina tiykarg`i sebep, ol ta`biyg`iy maqluq retinde o`tkinshi, al o`zinin` adamzat urpag`ina jetiwi menen sotsialliq maqluq retinde ku`shli. Demek, adam o`zinin` adamlar aldinda, ja`miyet aldinda, ta`biyat aldinda juwapkershiligin sezse ol kishipeyil boladi. Kishipeyil adam o`zinin` jag`imli qa`siyetlerine o`zgeshe a`hmiyet bermey, oni o`zinen o`zi boliwi

kerek na`rse dep oylaydi. Bunday adamlar shininda da ayriqsha artiqmashilig`i bar adamlar, o`zin adamzatqa xizmet etiwge erki menen kelisken adamlar bolip keledi. Bul onin` o`mirindegi barliq isinen, ta`rtibinen, is-ha`reketinen, so`zinen, ha`tteki kiygen kiyimlerinen de ko`rinip turadi.

Kishipeyil adam basqa adamlardi siylaydi, olarg`a a`lpayimliq qatnas jasaydi, basqalardan ayriqsha bolip turiwg`a ha`reketlenbeydi, o`zinin` jeke xizmetlerin ko`rsetip marapatlanbaydi.

Kishipeyil adam so`yleskende so`zge ustamli keledi. o`zinin` sezimin basqalarg`a bildiriwge asiqpaydi, basqalar menen qarim-qatnasti buzip aliwg`a urinbaydi. Leykin, ha`r qanday jag`dayda da o`z pikirin aytiwdan taysalmaydi. Sebebi, ol o`zine de, basqag`a da joqari talap qoyadi.

Kishipeyil adam adamgershilikli, mehriban boladi, kisige ha`mme waqit ja`rdem beriwge tayin turadi. Kishipeyillik bul a`piwayi na`rse emes, ol a`det, ol sotsialliq da`reje bolip esaplanadi. Sonin` ushin da xaliq «kishipeyillik-kishilik emes al kisilik» dep duris aytqan.

Patsha Anushirwan o`zinin` aqilli wa`ziri Buzurgmehrden: «dana dep kimdi aytamiz?» dep sorag`anda ol: «O`zin basqalardan kishipeyil, a`piwayi tutqandi» dep juwap beripti.

Shininda da kishipeyil, a`lpayim Adam bazda qatti so`ylep, qopalliq etken adamlarg`a da jaqsiliq ko`rsetip, g`a`zebi qaynap awzin ashpaydi, ziyan ko`rgen adamnin` jazalawg`a ku`shi jetse de, ashiwin ishine alip og`an qol jumsamaydi.

Ha`kim Uliqpan a`lpayimliqta jeti qa`siyet bar dep ko`rsetken.

1. **Ziynetke miyasar boliw.**
2. **Saltanatsiz aybat.**
3. **Miynetsiz ibadat.**
4. **Diywalsiz qorg`an.**
5. **Keshirim sorawdan qulitiw.**
6. **Perishtedey tazaliq.**
7. **Ayiplardan qutilmaq.**

Demek, a`lpayim boliw ziynet ko`rsetiwge ha`mme waqit miyasarliqqa, saltanatsiz-aq sizge aybat beriwge, miynetsiz-aq sizdi siylap qa`sterlewg`e duwshar qilatug`in bolip esaplanadi. Sizin` a`lpayimlig`in`iz sizin` qorg`anin`iz, sizge hesh kim awiz sala almaydi. Sonin` menen qatar siz o`zin`izdin` kishipeyilliligin`iz benen, a`lpayimlilig`in`iz benen hesh na`rseni bu`ldirmeysiz, hesh kimge ziyan keltirmeysiz, solay etip siz hesh kimnen keshirim soramaysiz, sebebi sizde ayip bolmaydi, o`ytkeni siz perishtedey pa`k adamsiz.

Eger a`lpayimliq jasalmali bolsa, ol adamdi basqadan bo`lip diqqatti tartip tursa, onda ol menmenlikke aylanadi. Oni shayir T.Jumamuratov:

**«Ha`mellige a`piwayi**

**Ha`melsizge dim turpayi»**

dep sipatlaydi.

A`lpayimliq, a`lbette menmenlikke tikkeley qarama-qarsi  Sonliqtan: - **«Menmenge zawal.**

**Kemlikke kamal»**

deydi xalqimiz. Menmenlik ja`miyetlik qubilis retinde adamlar arasinda bo`liniwshilikti, adawatliqti payda etedi. Menmen adam o`zinin` kemshiligin, ayiplarin elemey, o`zin joqari sanaydi, o`zin maqtawdi jaqsi ko`rip, onnan basqani esitkisi kelmeydi, na`siyhatti almaydi. Solay etip, adam nadanliqtin` batpag`ina batadi. Quranda: «Jer betinde ga`rdeyip ju`rme?A’ A`lbette, sen jerdi tesip jibere almaysan` yamasa o`sip ketip tawlar menen ten` bola almaysan`» («Isro su`resi, qw ayat»).

A`lpayimliq kerisinshe adamlardin` ta`biyatinan adawatliqti, qisiwmetlikti, g`a`zeplilikti, yag`niy usi siyaqli kishipeyillikke jat a`detlerdi taslawg`a mu`mkinshilik beredi.

A`lpayimliq, kishipeyillik adamlardin` bir-biri menen so`yleskenindegi so`zlerinin` dawisinan, bergen juwaplarinan ko`rinedi. Birewler birden «yaq, bolmaydi» dep qaytarip taslaydi, yamasa dawisin ko`terip millet etedi, bolmasa ha`kiren`lep keyin taslaydi.

Yaponiyanin` adamlari bir-biri menen so`yleskende «joq», «bilmeymen», «bolmaydi» degen so`zlerdi keyip taslawg`a arnalg`an so`zler siyaqli tu`sinip, olardi tuwri aytpastan, jatig`i menen tu`sindirer eken. Eger, bir kese shaydan keyin ekinshi keseden bas tartqanda da «joq», «raxmet» demesten, «mag`an sonday jaqsi bolip qaldi» dep qaytaradi eken. Eger tanisin`izg`a mira`t etsen`iz OlU' «mira`tin`izdi qabil etpesten burin hayalim menen oylasayin» dese, siz oni hayaldin` huqiqin jaqlawshi dep oylawiniz qa`te boladi. Ol sizge «yaq» dep aytiwdin` bir usili bolip esaplanadi. Eger siz og`an «erten` saat altida press-klubta ushrasayiq» dep mira`t etin`iz, ol:-Saat altida ma? He press-klubta ma?- dep qaytadan sorasa onda og`an siz: «sizge qolaysiz bolsa basqa waqitta, basqa jerde so`yleseyik» dep aytiwin`iz kerek.

Kishipeyillikti ta`rbiyalaw balanin` jas gezinen baslanadi. Angliyada ata-ana balani jo`rgekten baslap kishipeyillikke u`yretedi, a`lpayim qilip shig`aradi. Misali, dem alis ku`ni a`kesi balasi menen mashina juwip atirg`anda a`kesiU'

- «Qayirli bol, Tomma, ma`rhamat, mag`an juwg`an shu`bereklerdi berip jiber.

- Marhamat ag`a.

- Raxmet qimbatlim, sen ju`da` su`ykimlisen`.

- Raxmet ag`a, onin` mag`an hesh qiyinshilig`i joq» dep bir-biri menen sipayililiqta so`ylesedi eken. Bul a`lbette, bizin` balalarimizdi ta`rbiyalawda u`lgi alg`anday pa`ziylet. Balanin` turpayilig`i onin` ata-anasinin` ko`rgensizliginen, jen`illiginen ha`m nadanlig`inan payda boladi. Sebebi, «Atag`a qarap ul o`sedi, anag`a qarap qiz o`sedi» deydi xalqimiz, yamasa «Anasin ko`rde qizin al, tabag`in ko`rde asin ish» deydi. Bulardin` ha`mmesi kishipeyillik, a`lpayimliq a`debi, usi iste a`lbette ata-ana balag`a qarizdar. Sebebi, ol a`sirese u`ydegi ta`rbiyanin` na`tiyjesi. Al, mektep ol ta`rbiyanin` dawamin jetilistiredi.

Ko`regenlilik-bul ha`mme a`deplilik tu`siniklerinin` tu`yini. Bul o`zinde barliq a`deplerdi jiynaqlaydi ha`m onin` tuwindisi retinde ko`rinedi. Bul adamnin` materialliq ha`m ruwxiy turmis tarawlarindag`i ata-babadan miyras bolip kiyatirg`an qiliq-qilwalarindag`i a`dep-ikramliq qa`delerine tiykarlanadi.

Eger ha`r bir a`wlad du`n`yag`a shiqqannan keyin barliq ruwxiy ha`m materialliq bayliqlardi o`zi basinan baslap qaytadan islep alg`anda, yag`niy tek o`ndiris qurallarin g`ana emes, adamlardin` sotsialliq ta`jiriybelerin yag`niy a`dep-ikramliliq ha`m minez-quliq pa`ziyletlerin basinan baslag`anda onda ja`miyet hesh bir rawajlaniwdi bastan keshirmegen bolar edi. Sonin` ushin adamlar o`zinin` erkinen g`a`rezsiz o`zinin` miynet qurallarin, is ta`jiriybelerin, a`dep-ikramliliq bahaliliqlarin o`z jaslarina berip otirg`an. Sonin` ushinU'

**«Ata ko`rgen oq jonadi,**

**Ana ko`rgen ton pishedi..**

degen xaliq.

Bunin` a`hmiyetin erteden tu`singen, ha`m:

**Jas waqtin`da ko`rgenin` bolmasa,**

**U`lkeygende kisiligin` bolmaydi»**

dep duris aytadi. Ata-ananin` ta`rbiyasin almag`an adam, oni tin`lamag`an ha`m iske asirmag`an, retsiz, retli «buzip ala beretug`in adamdi» «ko`rgensiz» dep atag`an, yag`niy oni:

**«Atadan tiyiw.**

**Anadan jiyiw ko`rmegen»-**dep qarag`an.

Bunday ata-ananin`  aytqanin qilmay, olardin` ya tiniw, ya jiyiw ko`rmegen ha`m a`deplilikti u`yrenbegen, solay etip xaliq da`stu`rin buzip ju`retug`in adamdi «ko`rgensiz» dep atag`an. Bul awir so`z bolip, ol tek onin` o`zine g`ana tiyimli emes, sonin` menen birge, ata-ananin` atina keletug`in awir so`z bolip esaplanadi.

Ko`rgenli adam adamlar menen qatnasta, a`n`gimelesiw gezinde ha`dden aspaydi, so`zi menen yaki isi menen adamnin` zeynine tiymewdi oylap sipayiliqtin` sheginen shiqpaydi, soninn` menen birge ol adamnin` geypara kemshiligin bayqamawg`a a`detlenedi. Eger onin` qa`teligin ko`rsetiwge urinsa, ol adamdi qolaysiz jag`dayda qaldirsa, ol adamg`a ko`meklesiw niyetinde bolsada ol adamg`a kerisinshe ta`sir etedi.

Ko`rgenli adam ta`rbiyali boladi. Ol adamlardi siylaydi, sonliqtan jumsaq, kishipeyil, sipayi boladi. Olar a`ytewir na`rsege shawqim ko`termeydi. Olar

keshirimli boladi. Olar birewg`e paydali jumis islewge pa`yk boladi, adamlarg`a mehriban boladi.

Ko`rgenli adam basqanin` miynetin siylaydi, haq ju`rek, hadal bolip, o`tirikke, jalag`a, o`sekke u`yirsek bolmaydi, onday adam birewge millet etpeydi, basqadan bo`lingen tu`rde ko`rinbeydi, basqag`a, a`sirese kishilerge turpayilanbaydi. Ol so`zge kelgende miljin`nan qashadi, soramasa aralaspaydi, az so`ylep ko`p tin`laydi. Olar na`psiqawliqti qaralaydi ha`m ne ju`zinde o`z boyinda ko`rsetedi. Ta`lli-pa`lli jumis islep ko`birek paydalaniwg`a urinbaydi. O`zin-o`zi ko`termelep, alg`a shig`ara bermey, maqtanshaqliqti jek ko`rip, kishipeyillik a`detin boyina sin`iredi, o`zin azada, u`y-jaylarin taza uslawg`a dag`dilanadi.

Uliwma ko`rgenlilik u`lken adamiyliq. Pa`ziyletli adam-«Uyada ne ko`rsen` ushqanda soni isleysen`» degen xaliq naqilin bekkem uslap, balalardi ko`rgenli qilip ta`rbiyalawg`a talpiniw kerek. Onin` ushin jasinan baslap joqarida ko`rsetilgen a`dep ikramliliq tu`siniklerinin` a`hmiyeti balalardin` sanasinda onda ol ko`rgenli bolip qa`liplesedi.

Ta`rtiplilik-bul belgili a`depliliktin` bir tu`ri. Biz ku`ndelikli turmista «ta`rtipli bala», «ta`rtipli qiz», «ta`rtibi jaqsi», yamasa «ta`rtipsiz oqiwshi» degen so`zlerdi jiyi-jiyi ushrastiramiz. Sebebi, balanin` ta`rtibi onin` kelesheginin` ushrastiramiz. Sebebi, balanin` ta`rtibi onin` kelesheginin` aynasi bolsa, adamnin` ta`rtibi bul onin` ekinshi kelbeti bolip esaplanadi.

Ta`rtiplilik-adamlardin` ja`ma`a`ttin` ishinde kelisimli ha`reketin ta`miyinleytug`in, ko`rsetilgen qag`iydalardin` so`zsiz orinlaniwi ha`m sin`iriliwi bolip, ol adamlardin` ku`ndelikli qiliq-qilwalarinin` u`stinen ja`miyetlik qadag`alawdin` qurali.

Ta`rtipti ornatiwdin` tiykarg`i qurallariU’ da`stu`r, u`rip-a`det, ha`r qiyli ja`miyetlik a`detler, ja`miyetlik a`detler, ja`miyetlik ha`m ma`mleketlik, sho`lkemlerdin`, geypara ja`miyetlik iskerlerdin`, adamlardi ja`miyetlik ta`rbiyalawdin` abirayinin` da`rejesi.

«Ta`rtipli la`shker jen`ilmes» degen maqalda ta`rtip a`skeriy ta`rtiptin` qanday a`hmiyetli ekenin qisqa ha`m a`piwayi bayan etilgen. Ta`rtip bolmasa jaqsi

qurallang`an ko`p sanli a`sker, ta`rtipli az sandag`i la`shkerden jen`ilip qaliwi itimal. Bul tariyxta ko`plep ushrasadi.

Qatti ta`rtipti jasliqta u`yretilse bala u`lkeygendede ta`rtipli boladi. Sonin` ushin ta`rtipsiz bala atag`in aliw ha`mme waqit to`men baha. Ta`rtipli oqiwshi yamasa talaba sabaqti jaqsi o`zlestiredi. Sebebi ol o`zin kontrol` qiliwda, diqqatin ja`mletip biledi.

Ta`rtip insan iskerliginin` ha`mme tarawinda boliwi lazim. Ol bolmag`an januya, ja`ma`a`t, ka`rxana, mekemelerde is o`nimdarlig`i, sapasi pa`s boladi. Ol bolmag`an jaylarda arqayinliq payda boladi, opasiz heshqanday sharalardi iske asirip bolmaydi. Ta`rtipli adam waqittan tuwra paydalaniwi, o`z waqtin tuwri bo`listredi ha`m maqsetine erisedi. Ta`rtipli adam sabirli, qanaatshil boladi. Ol tek g`ana o`zinin` ba`lki basqalardin` da waqtin tejeydi. Ta`rtipli adam wa`dege opa qiladi. Ta`rtip belgili bir ma`nide adamlardi ta`rbiyalaydi.

Ha`r bir ja`miyet belgili bir ta`rtipke mu`ta`j boladi ha`m qanday jol menen bolsa da ta`rtip ornatadi. Ta`rtipsizlik ja`myetti, ja`ma`a`tti, sonday-aq shan`araqti da idiratadi.

Sonday-aq ha`r bir ma`deniyat, ha`r bir o`ndiris, ha`r bir is ta`rtipten baslanadi. Bunda «men qa`lemeymen yaki qa`lemeymen» degen so`z bolmaydi. Bul jerde men tek usilay islewge uqipliman, usinday etip isleniw kerek, yamasa tek usilay boliwg`a tiyis degen maqset penen islew kerek.

A`piwayi misaldi alayiq. Ha`zirgi zaman o`ndirisinde bir adam qanday da bir zatti basinan ayag`ina deyin o`zinin` islewi ju`da` siyrek ushirasadi. Bul zatti islewge onlag`an, ju`zlegen adamlar, aralas o`ndirisler, ha`tteki basqa bir ellerdin` de aralasiwinda boladi. Demek, ol qansha ko`p shaqalang`an bolsa, ol jumista az talap qoyilatug`in siyaqli qorinedi. Kishkene bir detal` mexanizmge ta`sir ete me? Onin` jumisina ziyani bola ma?

Al haqiyqatinda da boladi. Kewilsiz islengen operatsiya (ha`tteki mehanizmdi kraskalaw siyaqli a`piwayi operatsiya) qanday bolmasin mexanizmnin` normali jumis islewine ziyanin tiygizedi. Ekinshi ta`rtipten, ha`zirgi o`ndiris jag`dayinda o`zinshe ketiwge de bolmaydi. Senin` o`zinshe islegen detalin` oni talabina juwap

bermeydi. Oni tap ko`rsetkendey etip islew kerek. Demek, o`ndiris ma`deniyati ol o`ndiristin` ta`rtibinen baslaniwi kerek. Eger o`ndiristin` ha`r bir qatnasiwshisi ta`rtipten o`zine qolayli jag`in tu`sinse, oni o`zinin` qa`legenindey etip paydalansa onda uliwma ma`deniyat haqqinda ga`p boliwi mu`mkin emes. Onda ha`r qiyli buziwshiliq, xaliqti, ma`mleketti aldaw ha`m ozbirliq, mensinbewshilik orin aladi.

Aytayiq, turmista adam orinli is etiwi kerek. Orinsiz is ersi. Ol ko`rgensizlik. Adam misali teatrg`a shomilatug`in kostyum menen, shomiliwg`a teatrdin` kiyimi menen barmaydi. Siz olay ete almaysiz. Sizge mu`mkin ol qolayli shig`ar. Biraq og`an sizin` ma`deniyatlilig`in`izdi ko`rsetetug`in ta`rtibin`iz ruxsat etpeydi.

Ta`rtiplilik o`zin`di o`zin` qadag`alawdin`, o`zin`di o`zin` basqariwdin` tuwisqan sin`lisi. O`zin`di-o`zin` qadag`alamasan`, o`zin`di-o`zin` basqarmasan`- ta`rtip sirttan tan`ilg`an, jag`imsiz bir ju`k boladi. Kerisinshe, o`zin`di-o`zin` qadag`alap ha`m o`zin`e-o`zin` sin na`zer menen qarap ju`resen`, biraq sog`an say ta`rtiplilik bolmasa, ol ma`zi bir ga`p bolip qaladi.

Ta`rtipli adam ha`mme waqitta, meyli u`yinde me, mektepte me, jumista ma, ja`miyetlik orinlarda ma, ha`tteki, o`zi menen o`zi bolip bir o`zi turg`anda da, ha`mme waqit birdey ma`deniyatli bolip turadi. Onin` ushin ta`rtiplilik ogan sirttan tan`lag`an na`rse emes, al ishki talap.Ta`rtipli adam sipayi ha`m sho`lkemlesken boladi. Onin` boyinda, oyinda, a`ndamli so`zi menen isi tuwra keledi. Sizin` doslarin`izdin` ishinde, tanislarin`izdin` arasinda sirtqi ko`rinisi pa`jmu`rde bolg`an menen onin` menen jolig`iw sizge qiziq, onin` menen tanisiw sizdi ruwxiy jaqtan bayitadi. Siz og`an uqsag`in`iz keledi. Al geypara doslarin`izdin` sirtqi ko`rinisi jiltirap, sa`tenligine ta`n beretug`in bolinsa da, siz onin` menen jolig`iwdan qashatug`in boliwin`iz kerek. Sebebi, ol sizin` ushin awir jwk. Onin` boslig`i, hesh na`rsege turmaytug`in oylari, onin` jag`imsiz maneralari, onda qanday da bir ishki ta`rtipliliktin` bolmawi, o`zin-o`zi qadag`alawdin`, o`zin-o`zi basqariwdin` joqlig`i sizdi onnan qashiradi. Sebebi, onin` qiliq-qilwalari sizin` ta`rtiplilik ma`deniyatin`izg`a ha`m oni qadag`alawshi a`debin`izge tuwra kelmeydi.

Demek, ta`rtiplilik jo`nliliktin` anasi, ta`rtipsizlik jo`nsizliktin` da`ni. Ol da`n o`sip, ko`gerip, rawajlanip ketse adamg`a, ja`ma`a`tke, ja`miyette ziyanli ta`sirin tiygizedi.

## 4. Shan`araq da`stu`rlerinde a`dep-ikramliq normalari

Bizin` elimiz shoralar da`wiri miyrimsizliktin` urig`in septi. Sebepsiz, jipa-jeksiz quwdalawlar, qatag`anlar, repressiyalar, eriksizlik, huqiqsizliq, bir-birewdin` u`stinen domalaq arzalar, birin-birine an`latiwlar adamlar arasinda a`kesine de isenbewshilikti tuwdirip qoymastan, birewdin` ta`g`dirine itibarsizliqti, biypa`rwaliqti, adamnin` nalasina tas bawirliqti, su`rbetlikti keltirip shig`ardi. Basqariwdag`i byurokratizm , administrativlik usil, stodin` ku`shi adamlardi hijran otina saliwi, dadinin` jetpewi oni qatal kewilli qildi.

Na`tiyjede, ha`tteki a`ke-sheshesin de qorlaytug`in, o`lse de qaramaytug`in, olardi nagiranlar u`yine aparip taslaytug`in yamasa tuwg`an balalarin dalag`a yaki tuwiw u`yine qaldiratug`in tas bawirlar, reyimsizler payda boldi.

G`a`rezsizlik tiykarinda o`zligimizge qaytiwimiz benen, burin elimizdin` turmis qa`lbine aylanip, olardin` murati bolg`an miyrim-sha`pa`a`tlilikti qayta tiklew waziypasi qoyilip, ol milliy g`a`rezsizlik ideologiyasinin` tinishliqti, dosliqti, adalatliqti bawriken`likti ta`ripleytug`in ideyasinin` tu`p sag`asi, filosofiyaliq deregine aylandi.

Miyrim-sha`pa`a`t ken` filosofiyaliq tu`sinik. Ol insannin` qa`dirine jetiw, hal sorasiw, adamnin` awirin jen`il etiw, qayir-saqawatliq ko`rsetiw, jetim-jesirge saqiy boliw siyaqli pa`ziyletlerdin` jiyintig`i.

Shininda da miyrim-sha`pa`a`t bul ta`rbiyalawshi, jigerlendiriwshi ku`sh. Sonliqtan xalqimiz` «Mehir tasqini da`r`yadan ku`shli», «Mehir temirdi eriter, qa`ha`r tasti jarar» dep u`yretken.

Demek ha`r bir adam bir-biri menen miyrimli is alip barip, bir-birine sharapati tiyse, kem ta`miynlengenlerdin` g`a`riypliginin` sebebin aship, oni jaqsilawdin`

jolin ko`rsetip, ha`lsizlerdi jigerlendirse, ruwxlandirsa, keleshegine isendirse bul a`jep miyrim-sha`pa`a`tliq boladi.

Turmista aqsaqlardin` futbol oyinlarin yamasa juwiriwdag`i tabislarin, sholaqlardin` mashina aydawlarin, geren`lerdin` nama shig`ariwlarin h.t.b. sol siyaqlilardi bilemiz ha`m ko`ripte otirmiz. Bul a`lbette bir-birewge miyrim-sha`pa`a`ttin` na`tiyjesi.

Shininda da adamlarg`a saqiyliq ko`rsetip, awqat beriw, siyliqlaw miyrimliliktin` belgisi. Lekin og`an qosa olarg`a shin kewilden qatnas xizmetlerin joqari bahalap, ha`tteki aqillasip, miyribanliq islense onin` awiri jen`illesedi da`rtine da`rman boladi. Sonin` ushinda «Tag`amin tu`ske jetpes, mehrin esten ketpes» degenler.

Miyrim-sha`pa`a`t bul en` da`slep tuwriliq. Birewge qatnasta tuwri boliw. Adam haslinda tuwriliq shaydasi. Sa`wbetlesiw arqali o`tirikke, o`sekke, jalatayshiliqqa qarsi pikirler menen adamlardi ta`rbiyalaw, joldan shiqqan nadanlardi ayaw, jaqsi so`z benen jaqsiliqqa qaytariw, jandi semirtiw miyrim-sha`pa`a`tin bir tu`ri. Muhammed a`leyxissalamnan bir adam` «Men nadanman, mag`an dinge paydali bir na`rseni u`yretin`iz» degende, ol` «Allag`a isen ha`m isinde tuwri bol» degen eken. Ha`dislerde` «Bir musilmang`a ziyan jetkizgen ha`m aldag`an kisi bizlerden emesdur» dep tastiyiqlag`an. Demek, tuwri jol o`mir shirag`i, insan parizi. Tuwri adam jalg`an so`ylemeydi, birewdi aldamaydi, hiyle qilmaydi. Demek, ol adamlar arasinda miyrimli, itibarli ha`m qa`dirli insan.

Miyrim-sha`pa`a`t ilaxiy bir tuyg`i. Babalarimiz da`stu`ri. Olar tas bawir qatti kewilli emes, kerisinshe, mehriban, jumsaq kewilli bolg`an ha`m og`an ta`rbiyalag`an. Islam payda boliwdan-aq miyrim-sha`pa`a`ttin` bayrag`in ko`tergen. Sebebi, a`weli arablar zalim ha`m nadan bolg`an. Toqtamaytug`in uris, birin-biri o`ltiriw, qiz balalar tuwilsa, olardi tiriley jerge ko`miw ken`nen taralg`an waqitta islam dini miyrimanliqqa shaqirdi, tas bawirlardi eritti, insan kewillerin jumsartti.

Ata-anani siylaw hu`rmet etiw xalqimizdin` a`zeliy a`deti ha`m ixtiyaji. Shayirlar` «Miyrimanin` ata-anan`, onnan artiq hesh bolmadi» (Berdax) dep jirladi. Men jaqinda usinday ta`rbiyani ko`rgen bir yar-dosimdi ushiratip qaldim. Meni

ko`riwden ko`zinen jas alip` «A`kemnen ayrilip, birotala jetim bolip qaldim. U'yimdi toltirip, to`rimnin` jarasig`i, bala-shag`amnin` perishtesi bolip otirar edi. Ha`mmemizge miyrim-sha`pa`a`tli, qon`si-qobalarg`a mu`na`sibette a`dalatli edi, dep qamsiqti. A`ken` neshede ediW - dep sorasam` - Ele ta`ndar edi, u`yden kirip shig`ip mal-ha`lge de qarar edi, ha`mmemiz ushin aybat edi. Bizlerge ma`detker edi, -dep qamsig`iwin dawam etkende, men onnan tag`ida o`zin` neshe jasqa keldin` dep soradim. Sonda ol bunnan eki jil burin payg`ambar jasin a`kemnin` tirisinde belgilegenimde, onin` qanday quwanish penen u`lken da`stu`rxan jaydirg`anin` aytpaysan`ba dep ko`zinin` jasin su`rtti».

Sonda men og`an «A`ken`nin` iymanin` bersin», senin` bunday miyrimligin balalarina o`tsin. «Atan`a ne qilsan`, aldin`a sol keledi» degen ju`da` bir miyrim-sha`pa`a`tli insan ekensiz degenimde «qudayg`a shu`kir balalarim da ju`da` miyrimli. «Anasi ha`m mag`an janlarin u`zip turadi» dedi. Mende ishimnen qanday miyrim-sha`pa`a`t, qanday hasil ta`rbiya, qanday adamgershilik dep kewlim tolip, aramizdi sonday adamlardin` bar ekenligine riza bolip ko`terin`kilik penen ju`rdim.

Miyrim-sha`pa`a`tlik tek adamlar arasinda g`ana emes, al adamlardin` haywanatlarg`a qatnasinda da ko`rinedi. Zardushlik ha`m islam dinlerinde haywanlarg`a miyrim-sha`pa`a`tli boliwdi, olardi qorg`awdi, u`y haywanlarin ash yamasa suwsiz qaldirmawdi, olarg`a azap bermewdi tapsiradi. Miyrim-sha`pa`a`tliktin` tiykari a`dalatliq, bir-birewge a`dil qatnas, tek a`dalatliq arqasinda siylasiq hu`rmet, isenim payda boladi. A`dalatti qorg`aw, zan`-nizamdi uslawg`a shaqiriw, jiyanayattan qaytariw, bul da u`lken miyrimanliq bolip esaplanadi. A`sirese ha`zirgi bazar qatnaslari zamaninda, miynet penen kapital yag`niy is beriwshiler menen islewshilerdin` ara-qatnasindag`i a`dalatliq miyrim-sha`pa`a`ttin` tiykarinda du`ziliwi lazim. Eger jumis beriwshi miyrimli bolmasa, jumisshinin` halina nemqurayli qarap, onin` ta`g`dirine itibarsiz bolsa, onda arada qarsiliq kelip shig`ip, onnan o`ndiris te, ja`miyet te, uttiradi. Sonliqtan ha`r kim o`ndiris aship, jumissizlarg`a jumis berip, sonin` arqasinda onin` bala-shag`alarinin` irisqi-nesiybesisinde ko`mek berip atirg`anin esapqa alip, olarg`a miyrimanliq islee-bul miyrim-sha`pa`a`ttin` en` baslisi.

Miyrim-sha`pa`a`tti ma`jbu`riy tu`rde, minnet etip islew mu`mkin emes. «Minnetli pal ashshi bolar za`ha`rden» (A`jiniyaz) degenler. Ol shegara ha`m o`lshemdi bilmeydi. Ol insannin` istegi-qa`lewi, imkaniyati, hu`jdan ha`miriA` Ol insannin` islemewge bolmaytug`in tuyg`isi, insaniy bawirken`ligi. Demek miyrim-sha`pa`a`tli tulg`a-bul ma`rt, wa`dege opali, saqiy, a`dalatli, pa`k ha`m hadal kisi. Bunday kisi mu`ta`jlerge ja`rdem berse, oni minnet qilmaydi. A`dalatliq o`lshemin, adamiyliqtin` normasin buzbay, tildi jaman so`zden, qoldi jaman islerden saqlaydi.

Demek, xalqimizdin` turmis salti, da`stu`rinin` tiykari bolg`an miyrim-sha`pa`a`tti birotala tikley otira, miyrimlilikti turmisimizdin` tiykarg`i iqtiyajina aylandiriw adamgershiliktin` inabatli waziypasi.

Abroy qazaniw ju'da' quramali ma'sele, bunin' ushin en' birinshi na'wbette tuwriliq, hadalliq boliwi tiyis. Bala u'lkenlerdin' so'zleri, qatti –ha'reketleri, yag'niy berip atirg'an wa'de, ju'rekten qilip atirg'an qarim–qatnaslari yaki doqlarinan qatiy na'zer olarg'a isenimi tiyis. Ata–analarg'a tu'rli qiyli wa'deler beriwde ju'da' ha'm iqtiyat boliw usinis etiledi. Berilgen wa'de orinlanmay qalsa, oni tuwri ha'm da'liller menen tiykarlaw tiyis. Eger balag'a u'y jumislarin orinlag'ani, jaqsi a'detlerin ko'rsetgeni, ata–analardin' tapsirmalarin o'z waqtinda orinlag'anlig'i ha'm basqalar ushin dem aliw ku'ni kino yaki teatrg'a alip bariwda wa'de berilgen bolsa, har qanday qiyinshiliqlarg'a qaramastan wa'denin' u'stinen shig'iwi tiyis.

Keyingi jillarda, mektep adminiyatratsiyasi, oqitiwshilar, ta'rbiyashilar shan'araqliq ta'rbiyag'a, ata–analardin' ta'rbiya haqqindag'i abroylarinin' asiwina, hu'rmetke sazawar ata–analardin' turmisliq jollari, shan'araqliq ta'rbiyadag'i ta'jiriybelerin ken' jayip, usi tiykarda balalarda shan'araq qadri ha'm matnishin joqarig'i ko'teriw qa'siyetlerin oyatiwda ba'rshe mu'mkinshiliklerinen o'nimli paydalanmaqtalar.

Shan'araqliq jaqsi da'stu'rlerdi orinlaw protsessinde u'lken jastag'i kisilerdin' u'lgisi jaslardi oylawg'a, pikirlewge, sotsial turmisin tu'siniwge ma'jbu'r etedi. Da'stu'rler ruwxiyliq faktorlar sipatinda balag'a turmisinin' ol

yaki bul tarawinda qanday tutas ila’j qollaw, o’zinin’ yaki basqalardin’ minezli mashqalasin bahalawg’a ja’rdem beredi.

U’lken a’wlad wa’killerinin’ shan’araqta boliwilari tek balalar jetilisiwine g’amxorliq menen sheklenmey, ba’lki olardin’ ta’rbiyasina ha’m ta’sir etedi. Bunday ja’rdem fatkorlari ishinde ata–analar ha’m u’lken jastag’i kisilerdin’ shan’araq bekkemligi ha’m qan–qarindasliq sezimlerinin’ tig’iz birligi tiykari rol` oynaydi. Na’tiyjede shan’araqliq ta’rbiyada balalarda qa’liplestiriw tiyis bolg’an uliwma jaqsi kamalat, xarakter, qatiyatliq, izbe–izlik siyaqli jaqsi sipatlar tek ata–analar ta’repinen emes, ba’lki u’lken a’wlad wakilleri, qa’tte, qarindas– uriwlar ta’repinen ha’m qadag’alanadi.

Baqlawlar soni ko’rsetedi, shan’araqtin’ u’lken a’wlad wakilleri menen birge yaki ayriqsha, ajiratilg’an halda jasawina qarap ta’rbiyaliq ta’sir da’rejeleri ha’m bir–birinen pariqlanadi. U’lken a’wlad wakilleri qatnasiwindag’i shan’araqlarda balalarg’a ko’rsetiletug’in ta’rbiyaliq ta’sir ketpe–ket, bir pu’tinlikde sho’lkemlesedi. O’z–ara mu’na’sibetler ha’m shan’araqtag’i ag’zalar ushin uliwma bir pu’tinlik tiykarinda boladi.

U’lken a’wlad wa’killeri bolmag’an, ajralg’an yaki ayriqsha jasawshi shan’araqlarda balalarg’a ko’rsetiletug’in ta’rbiyaltsq ta’sir jolari pariqlanadi. Birinshiden, ata yaki anasi joqlig’i, ekinshiden, baba ha’m mamasi joqlig’i balalardin’ ruwxiy jetilisiwine a’lbette, ol yaki bul da’rejede jaman ta’sir ko’rsetedi.

Bul ma’sele ha’zirgi ku’nde za’ru’r a’hmiyetke iye bolmaqta. Ata–analardin’ ajiraliwi ko’beyip barmaqta.

Awil jaylarinda ata–analardin’ ba’rshe miynet xizmetleri balari ko’z aldinda payda boladi. Usi sebepli olar balalari ta’rbiyasina haqiqiy hadal miynetleri arqali ta’sir ko’rsetedi. Olardi qala shan’araqlari ta’rbiyasinan tuwridan–tuwri ajiratip turatug’in u’stinlikleri ha’m mine sonda. Qala shan’araqlari ta’rbiyasinda bul ma’sele ko’birek ata–analardin’, u’lken jastag’i kisilerdin’ sa’wbeti ha’m gu’rrin’leri, sayaxat ha’m oqig’an kitaplari

tiykarinda a’melge asiriladi. Tuwri, ata–analar o’zlerinin’ zavod ha’m fabrikadag’i janli miynetleri haqqinda, qolg’an kiritken tabislari haqqinda qiziqli gu’rrin’ qilip beriwleri mu’mkin. Ayriqsha, ata–analardin’ balalarin o’zleri islep turg’an ja’ma’a’tleri turmisi menen tanistiriw maqsetinde zavod, fabrikalarg’a uyimlastirg’an ekskursiyatlari balalari qa’lbinde bir o’mir este saqlanip qaladi. Bunday jaqsi isbilermenlik, jumis formalarinin’ ken’eyip, en’ jayiwi ata–analar ha’m balalar miynetinin’ birgelesiwine alip keledi.

Ta’rbiya protsessinde ata–analar ha’m oqitiwshilardin’ balalardi sotsial paydali jumislarg’a tartiw barasindag’i juwapkershiligi ju’da’ za’ru’r. Birak, az bolsa–da sonday ata–analar ha’m bar, olar balarinin’ mektepte metallom jiynaw, gu’l ha’m terek nalleri o’tkeriwilerin xoshametlemeydi, quwatlamaydi. Olardin’ pikirinshi, bunday «mayda» jumislar balalarinin’ shan’araqtag’i , maydanshadag’i, shaxsiy jumislarina kesent berer eken. Ayirim ata–analar balalarina ka’sipler haqqinda natuwri tu’sinik beredi. Olardin’ pikrinshe, ka’siplar ishinde maqullari, sonin’ menen birge, shan’araqlari atina mas kelmeytug’in ka’sipler barlig’in aytadi. Balari ta’repinen ata–analarinin’ bilim , abroylarina mas kelmeytug’in ka’siptin’ tanlaniwi olardin’ maqtanishina, izzet –na’psine tiyedi ha’m basqa.

Balani tek ol menen so’yleskende, na’siyhat qilg’anda yaki bir na’rse buyirg’anda g’ana ta’rbiyalayman, dep oylaman’. Siz balani turmishin’izdin’ ha’r bir waqtinda, ha’tteki o’zin’iz u’yde joqlig’inizda ha’m ta’rbiyalaysiz. Sizin’ qanday kiyiniwin’iz, basqalar menen ha’m basqalar haqqinda qanday so’ylesiwiniz, quwaniwiniz yaki ta’shiwshleniwiniz, dos ha’m dusmannin’ menen qanday qarim–qatnas qiliwiniz, ku’liwiniz, gazeta oqiwiniz – bular ha’mmesi bala ushin u’lken a’hmiyetke iye. So’zin’izdin’ dawisi sal o’zgerse ha’m, bala buni tez payqap aladi yaki sezedi, bala pikirin’izdegi ha’mme o’zgerislerin ha’r qiyli jollari menen bilip aladi, biraq o’zin’iz bunnan xabarsiz bolasiz. Eger siz u’yde qopalliq yaki maqtanshaqliq qilsan’iz yaki ishkilik ishsen’iz, onnan ha’m jamani anani

haqaratlaw – siz balalarin’izg’a u’lken ziyan jetkerge bolasiz, olarg’a jaman ta’rbiya bergen bolasiz ha’m sizin’ bul qolaysiz qiliqlarin’iz na’tiyjesi ju’da’ jaman boladi.

Joqari aytip o’tilgendey, turmista ko’plep u’lgili ha’m abroyli ata–analarimiz ko’p. Eger ata–ana hadal miynet menen shug’illansa, bala olardi hu’rmet qiliwg’a ma’jbu’r. Ba’zen, jumista ju’da’ jaqsi qa’nige bolg’an ata–analar balalarina u’lgi bola almaydi. Na’tiyjede o’zleri bilmegen halda shan’araqlarda jumis jaqmaytug’in, ko’she biyzari, erketaylar kamal tawadi.

Bizin’ na’zereimizde balalari menen dos, olarg’a diqqat –itibar menen qaraytug’in, qayg’ilarina ha’mda’rt, xursandshilikti birge ko’riwshi, talaplarinda sabirli, balalarina ba’rqulla ruwxiy ko’meklesiwshi ata–analar g’ana haqiyqiy ma’nide u’lgi bola aladi. Olardin’ abroysi hadal miynetleri menen dosliq mu’na’sibetleri, kerek bolsa, ha’tte ayiplari ushin keshirim sorawlari menen bekkemlenedi.

## JUWMAQLAW

Ga’rezsizlikke eriskennen keyin elimizde ta’lim-ta’rbiya tarawinda tu’pkilikli o’zgerisler ju’z berip atir. Milliyligimiz tiklenip materialliq ha’m ruwxiy baylig’imizdin’ jan’a ashilg’an betleri ashilmaqta.

Prezidentimiz I.Karimov elimiz jaslarinin’ aqilli, bilimli ruwxiy ta’repten jetilisken o’zinin’ o’tmishi ha’m qa’diriyatlari menen maqtana alatug’in Watannin’ gu’llep jasnaytug’inlig’ina bekkem isenim menen qaraytug’in etip ta’rbiyalaw ma’selelerine atalarsha g’amqorliq jasamaqta. «Bizin’ perzentlerimiz bizden go’re ku’shli, aqilli ha’m a’lbette, baxitli boliwi kerek» dep jaslar ta’rbiyasin ma’mleketlik siyasiy da’rejesine ko’terdi. Jaslardi ka’malatqa jetkiziw-ushin olardi o’tkendegi ulli oyshillarimizdin’ miyras etip qaldirg’an milliy ruwxiy, moralliq

ma’deniy miyraslarimizdi u’yreniw, olardi a’meliyatta qollana aliw ha’m sonin’ menen bir waqitta olardi ko’z qarashig’inday saqlap, qa’dirlewimiz kerek.

Biz ruwxiy bay ma’deniy miyrasqa iyemiz, qa’legen tarawg’a na’zer salsaq haqiyqatti ko’riwimiz mu’mkin. Muqaddes zaminimizde tuwilip do’retiwshilik miynet etken Ibn Sino, Xorezmiy, Beruniy siyaqli allamalarimizdin’ ullilig’i pu’tkil dun`yag’a a’welden ma’lim. Biz olardin’ miyraslarin ha’r ta’repleme ken’nen u’yreniw baxtina g’a’rezsizligimiz arqali eristik. Endigiden bilay olardin’ ullilig’i jasalma ta’rizde kemsitilip kelingen danishpanlardin’ o’miri, ilimiy-ruwxiy, ma’deniy miyraslarin qunt penen u’yreniw-bul ma’mleketimizdin’ ilimiy qa’diriyatlarin bayitiw bolip tabiladi.

A’tirapimizda qorshap turg’an ma’lim emes na’rse ha’m qubilislar ra’n’ba’-ren’ a’lem menen tanisiwda bala u’lkenlerdin’ ja’rdemine ta’biyiy za’ru’rlik sezedi. Jeterli da’rejede bilim ha’m ta’jiriybe joqlig’i sebepli olar u’lkenlerdin’ qarim-qatnas ha’m qatti ha’reketlerine elikley baslaydi. Jaslari u’lkeyip bariwi menen u’lkenlerge eliklew ha’m o’zgerip ma’ni payda etedi.

Shan’araqliq ta’rbiyada atanin’ roli u’lken. Shan’araqta er ha’mme waqit balalardin’ turmis ortag’inin’ ba’rqulla tayanishi bolip kelgen. Usi sebepli shan’araqtag’i ul ba’rha’ma atasina uqsawg’a umtilg’an. Onin’ is-ha’reketine eliklegen. Xalqimizdin’ dana ma’sla’ha’tlerinde ul bala ta’rbiyasinda atanin’ roli ullilanip kelgen. Ata-ana u’lgisi balalar ushin ko’rgizbeli turmis sabag’i. Atanin’ anag’a, ana miyneti ne, ja’miyetke, ja’miyet ag’zalarina bolg’an mu’na’sibeti bala qa’lbinde jaqsiliq yaki jamanliq maqul yaki maqul emes isler haqqindag’i da’slepki tu’siniklerdi payda etedi. Maqsetsiz ta’rbiya na’tiyjelerin esapqa almastan qiling’an ata-analar miyneti ba’ribir na’tiyjesizlik penen tamamlanadi. Awizeki so’zler menen emes, ba’lki sanali oylap qiling’an isler bala sanasi ha’m qa’lbine barip jetedi.

Bala a’lbette ko’pshilik waqtin shan’araq ortalig’inda o’tkeredi ha’m u’lkenlerdin’ qiliqlari, o’zine ta’n o’zgesheliklerin an’satliq penen qabil qiladi. Bul qiliq ha’m is-ha’reketlerin o’z xizmetlerinde qaytalaydi. Soralg’an waqitta «a’kem sonday qiladi», «apam sonday degen» ha’m basqa degen juwaplardi esitiw

mu'mkin. Shan'araq ortalig'i bul qandayda bir ayriqsha u'zip aling'an ta'rbiya qurali emes, al ata-analar ha'm u'lken jastag'i kisilerdin' ha'r ta'repleme alip barg'an ta'rbiyaliq jumis na'tiyjeleri, shan'araq ag'zalarinin' joqari a'dep-ikramliliq mu'na'sibetlerinin' jiyindisi ha'm u'lkenlerdin' jaqsi ta'sir ko'rsetiw u'lgisi na'tiyjesi.

Balalarg'a ata-analardin' is-ha'reketleri g'ana emes, al awizeki tili, soraw-juwaplari da ta'sir qiladi. Ata-ana o'z ara ja'njellesip tursa, qon'silar menen shig'isa almasa da bir-birlerinen bolar-bolmas na'rselerdi talap qilsa bunday ta'rbiya jaqsi na'tiyje bermeydi. Kerisinshe, balalardin' ata-anag'a bolg'an isenimin jog'altadi. So'z qu'diretli ku'shke iye. «Jumsaq mehribanliq penen so'z sonday qu'diretli ku'sh onin' menen hesh qanday jaza ten'lese almaydi» delingen

Baqlawlar soni ko'rsetedi, shan'araqtin' u'lken a'wlad wa'killeri menen birge yaki ayriqsha, ajiratilg'an halda jasawina qarap ta'rbiyaliq ta'sir da'rejeleri ha'm bir–birinen pariqlanadi.U'lken a'wlat wa'killeri qatnasiwindag'i shan'araqlarda balarg'a ko'rsetiletug'in ta'rbiyaliq ta'sir izbe–iz, bir pu'tinlikte sho'lkemlestiriledi. O'z–ara mu'na'sibetler ha'm shan'araqtag'i ag'zalar ushin uliwma bir pu'tinlik tiykarinda boladi. U'lken jastag'i kisilerdin' ta'jiriybesi ta'rbiya faktori rolin oynaydi. Olardin' ata–anasi, baba ha'm mamasi, jaqin ha'm uzaq qarindaslarinin' u'lgisi balalar ushin ta'rbiya qurali xizmetin o'teydi.

**PAYDALANGAN A’DEBIYaTLAR**

1. İ.A.Karimov «Barkamol avlod orzusi» T., «Uzbekiston» 1998 y.
2. İ.A.Karimov «Uzbekiston milliy istiklol, iktisod, siyosat, mafkura» T., «Uzbekiston» 1993 y.
3. O`zbekston Respublikasinın` Konstitutsiyasi. T., «O`zbekiston» 1992 y.
4. Axlok-odobga doir xadis namunalari. Tosh. «Fan» 1990 y.
5. O.Karimova, G.Shoumarxujaeva «İnson-bola xukuklari» Tosh. 2002 y.
6. O.Karimova «Oilada xukukiy tarbiya» Tosh. 1996 y.
7. «Komuslar bosh taxririyati» T. «Fan» 1991-95 y.
8. İmom al-Buxoriy: «Adab durdonalari». Tosh. «Fan» 1992 y.
9. O.Turaeva «Oilaviy xayot etikasi va psixologiyasi» T., «Ukituvchi» 1998
10. O.Xasanboeva «Oilada ma`naviy-axlokiy tarbiya» T., 1998y.
11. U.Otavalieva «Bola tarbiyasida bogcha va oila xamkorligi» Tosh., 1994
12. U.Otavalieva «Bola tarbiyasida bogcha va oila xamkorligi» T., «Ukituvchi» 1994 y.
13. U.Otavalieva «Bola tarbiyasida bogcha va oila xamkorligi» Tosh. «Ukituvchi» 1994 y.
14. A.Munavvarov «Oila pedagogikasi» T., «Ukituvchi» 1994 y.
15. Milliy urf-odatlar xakida tushuncha, ular tipologiyasi Xadis I-IV jildi.
16. M.Sattarov «Uzbek urf-odatlari» Tosh. 2000 y.
17. Farzand tarbiyasida milliy urf-odatlardan foydalanish.
18. Farzand tarbiyasida urf-odatlardan foydalanish yullari.
19. O.Xasanboeva «Tarbiyaviy ishlarni tashkil etish metodikasi» Tosh. «Ukituvchi» 1993 y.